



**PROGRAMME BIT/OPEP - M 250 07 10 00 01**

**TÉERÉ BU DĚQĚŃ DOXALIN YU JÀPPANDAL  
TUKKEE CI B.I.T ÑEEL DOMU JÀNGORO  
VIH/SIDA CI BĚRĚBU LĚGGĚYU KAA Y YI**

**TÉERÉ BU DĚQĚŃ DOXALIN YU  
JÀPPANDAL TUKKEE CI B.I.T  
ÑEEL DOMU JÀNGORO VIH/SIDAA CI  
BĚRĚBU LIGGEEY KAAY YI**

DAX NANU WEETAAY BU JOGE CI AM  
JANGOROY SIDA CI BEREBU LIGEEYUKAAY



## *PONKI TÉERE BI*

<b>A. Laac ak tont</b>	6
<b>B. Sida, aq ak yeleeff yi gën am solo ci ligéey</b>	11
<b>C. Kaddug Juan Somovia, kilifa gi gën a kawé ci biroo biy samm aq ak yeleeff ci liggeey</b>	17
<b>D. Jeexitalu doomu jangoro vih/sidaa ci wallu koom aki gallankooram ci wallu liggeey ak ñi seq liggey</b>	22
<b>Njalben</b>	28
<b>1. Jubluwaayu teere</b>	31
<b>2. Ni nuy jefandikoo tééré bi</b>	31
<b>3. Fi mu yell ak waxin wi ci tééré bi</b>	32
<b>4. Doxalin yi gen rannee ku</b>	36
• And te nangu ne febaru SIDA, soxal na bu baax ker liggéeyu kaay yi	36
• <u>Ñàkk</u> bodikonte	36
• Yemoo goor ak jigeen	37
• Sellal Keru liggéeyu kaay yi	37
• Diso bu yaatu	37
• Nemmeeku domu jangoro ji jublu ci daq niy wuut liggéey ak liggéey kat yi	38
• Bameelu biir	38
• Aar lekkeloo bi ci liggéey bi	38
• Faggu	39
• Taxawu Ak Jàppale	39
<b>5. Aq, yeleeff ak cer</b>	39

• Goornamaa yi ak kilifa yu xeren yi	39
• Njaatike yi ak seen kuréel	45
• Liggéey kat yi ak seen kureel	50
<b>6. Faggu ci njangale</b>	<b>54</b>
• Amal jotaay yuy siiwel di yeete	54
• Taxawal ay nass ci wallu xamle	55
• Bayyee bu baax xel digante goor ak jigeen ngir tollole niëpp	57
• Lekkeloo ak nas yi jëm ci wallu yokkute werguyaram	59
• Sart yuy xirtal copite yu wër ci doxalin ak nekkin	59
• Ay nas yu jublu ci askanu goxgoxaan yi	60
<b>7. Sakku xam xam</b>	<b>60</b>
• Dëgëral Xamxamu këlifa yi ak njiit yi ne ci bërëbu ligeykaayyi	61
• Yook Xamxamu jangale kat yi nu fetaléel ndaw yiy door ci janggam mecie	62
• Xamal ndaw yi fi togal liggéey kat yi	63
• Xamal waa ker doktor yi ak ndawi karange yi	63
• Xamal ndaw yi di nemmeeku liggéey kat yi ak keru liggéeyu kaay yi	65
• Yée liggéey kat yi di yengu ci wallu déret ak yeneen ndox yu tukke ci domu adama.	66
<b>8. Nemmeeku domu jangoro VIH</b>	<b>66</b>
• Aqqu liggéey ak Liggéeykat	67
• karangé	67
• Bayyi Xel Lawuk Febar Bi	68
• Jëllal sa bopp ndogal ngir nemeku doomu	68

jangoro ji ci sa yaram	
• Càmbar Ak Pactal Gannaaw Ba Nga Mënee Am Domu Jàngoro Ji Ci Sa Liggéey	69
<b>9 Taxawu ak ndimal</b>	69
• Yemale ci pacum domu jangoro SIDA ak yeneen febar yu jeggi dayo	70
• Ay Xeltu	71
• Kureelu yiy yengu ci wallu werguyaram	72
• Jokkoo ak kuréelu ndimal yi ak askan wi	73
• Wareéfu gornama yi ak yu njaatigé yi	73
• Karangé askan wi	73
• Cerele ak sutural dundinu domu adama	74
• Nas ndimal neel ni am ndampayu wer ak seen njaboot	75

**1. LU TAX SIDA NEKK FEBAR BU JOKKOOK LIGGĒEY ?**

Li ëpp ci doomu aadama yi ame domu jàngoro ji, ay mukkalaf lañu tollu ci fàn bi ëpp njariñ ci seen dund. Domu jàngoro vih/sida nasaqal na liggéey kat yu bari tek ci neewël bu baax seen am am. Yokkute nàkk teewu liggéey kat yi ci seen bërëbu liggéeyu kaay, jur na yokkute ci li ñu yittéwóo ci wàllu liggéey ñeel njaatike yi ak febar bi nga xamne mu ngi sèkkètël liggéey kat yi ngir ñu bayyi seen liggéey, tukkee ci nàkk ay liggéey kat yu xarala te miin seen liggéey. Nàkk li ñu mënnoo na jële ci liggéey bi ak waññi ndampaay yi ajuu ci bërëbu liggéeyu kaay yi nasaqal na koom koomu réew yi.

Domu jàngoro vih/sidaa mu ngi gállankoor áq ak yeleaf yi ñu gën raññee ñeel liggéey kat yi, neewël na jeego yi ñu amal ngir góor ak jigéen am liggéey yu mucc ayip te am solo ci seen teeyuk bakken, seenuk yemoo, seen karange ak seen ngor. Bodikonte domu aadama yi ame domu jàngoro ji dana fesël nàkk yemoo ci askan wi, xaley jirim yi ñu bayyeek seen bopp, seen ñàkk karange tax na ba mën nañu leen liggéey loo ci anam yu dëppoowul ak yoon, niki liggéeyu xale yi ñuy gis ci yenn réew yi te **B.I.T** aaye ko. Febar bi waññi na bu baax am amu liggéey kat yi ndax doole ji muy lawe ci at yu mujj yi.

Sidaa nekk na luy yoñjaxal jeego yu am solo yi ñuy def ci yokkute koom koom ak itam nekkinu askan wi.

## **2. LU TAX B.I.T BIND TÉERÉ BU DĚQĚŃ DOXALIN YU JÀPPANDAL TE YITTEL DOMU JÀNGORO VIH/SIDA AK ÑI SÉq LIGGÉY ?**

**B.I.T** bind na tééré bu ñu dĚqĚŃ doxalin yu jàppandal te yittel domu jàngoro vih/sidaa ngir yeete ak ñaax kuréelu liggéey kat yi muy jĕflanteel. Tééré bi firndel na takkuteem ci dimali ak taxawu bu baax liggéey kat yi ci seen karange ngir gĕn mĕn jànkonteek li di nasaqal yokkute koom koomu domu aadama yi.

## **3. LAN MOOY JUBBLUWAAYU TÉERÉ BI ?**

Jubbluwaayu tééré bi, mooy xelal mbooloo liggéeykat yi ngir delloo gannaaw febar bi, ni muy lawe, ak itam neewĕl musiba yi muy jur.

Tééré bi ĕmb na ay doxalin yu ñu mĕn sukkàndiku ngir tĕrĕl ay pexe yu yeween yu ñuy jĕfàndikóo ngir xeex ak febar bi ci bĕrĕbu liggéeyukaay yi, gox yi ak ci réew yi, ci fàn yii:

- ❖ Faggu ci domu jàngoro vih/sidaa
- ❖ Saytu ak woyafal jeexitalu febar bi ci ñi séq liggéey

- ❖ Taxawu tek ci jàppale liggéeykat yi ame domu jàngoro vih/sidaa
- ❖ Bayyi yax dér ak bodikonte gu tukkee ci li ñu jaglel ñi ame domu jàngoro vih/sidaa

#### 4. LAN MOOY KENU TÉÉRÉ BI ?

Tééré bi tërël na ay doxalin yu dàq bodikonte ci wàllu liggéey ñeel ñi ame domu jàngoro vih/sidaa ak ñi ñu yaakaar ne am nañu ko. Ngir jaamaarlook febar bi, dana yell ci liggéeykat yi, ñu dëggërël seen lëkkëloo, moo xam ñi febar ak ñi febarul, ñu am bammeelu biir, yemale góor ak jigéen, di nemmeeku wérguyaramu liggéey kat yi ci domu jàngoro ji, waxtaan ak sottàntey xalaat, tërël itam ay doxalin ngir jàppale wey febar yi.

#### 5. NAN LAÑU DOXALE BA TÈNK TÉERE BI ?

Doxalin yi ñu maŋkoo te warloo ko ci vih/sidaa ak liggéeykat yi, ci ndaje mi ñu amaloon ci weeru suin 2000, tukkee na ca, nas yu am solo ñeel **B.I.T.** Bokk na ci li ñu maŋkoo, tënk ay doxalin yu liggéey kat yepp di jëfe ngir jamaarlook vih/sidaa ci bërëbu liggéeyukaay yi, tééré bi ñu dëqëñ doxalin yu jàppandal mu ngi soqEEKOO ci lëkkëloo gi am ci diggante **O.I.T** (kuréel giy sàmm áq ak yeleeF ci ñi séq liggéey ci adduna ) ak ñi muy joxalanteel. Tééré bi ay boroom xam xam càmbaar nañu ko ba noppi



kuréel giy doxal **O.I.T** doog ci jël ay doggal ci weeru suin 2001.

## **6. KAN MOO WAR JËFANDIKÓO TÉÉRÉ BI ?**

Tééré bi, yittél na bepp fàn ak xeeti liggéey, bepp liggéey kat ak seeni njaatike, moo xam, liggéey kati góornamaa yi walla ñiy yëngu ci seen coobare bopp ak lenn ci kilifa yii:

- liggéey kati kër doktor yi , ñi di nemmeeku ak ñiy atte liggéey kat yi ci seen wàllu liggéey, kuréel yi ëmb njaatike yi ak kuréel yi ëmb liggéey kat yi, ñi seen xel macc ci domu jàngoro vih/sidaa, ak kepp ku taxawaayam am solo ci xeex domu jàngoro ji.

Tééré bi jubblu wu ñu ci rekk, réew yi nga xamne domu jàngoro ji bari na fa, bayyi na xel réew yi mu neew ngir tëmèer boo jël, ña ca febar bañ di yokku.

## **7. NAN LAÑU MËN JËFÀNDIKÓO TÉÉRÉ BI ?**

Doxalinu tééré bi, mu ngi sukkàndiku ci sart ak doxalinu **O.I.T**, li ëpp ci mbooloo liggéeykat yi, xam nañu ko, nañgu nañu ko te itam dëppoo naak febar bi. Tééré bi, mën nañu koo

jëfàndikóo ci ay jotaayu yeete ngir doolel kuréel yi yëngu ci seen wàllu bopp ci domu jàngoro vih/sidaa, tééré bi, mooy meññeef gu tukkee ci mañkoo, mën na nekk jeego gu am solo ci waxtaanu askan wi, seenuk ginndeeku ci wàllu koom koom, ni ñuy

jëfàndikóo yii ñu nas ak pexe yi ñu tërël ci bërëbu liggéeyu kaay yi ngir xeex febar bi, doxalinu tééré bi mën a nekk cëslaayu doxalinu liggéey ci réew, ci doxalin yi, ak itam ci palaŋ yi ñu tërël ngir xeex domu jàngoro sidaa.

## **8. YAN JEEGO LAÑU CIY TOFTALE ?**

Tééré bi wone na bu baax njariñu bërëbu liggéeyu kaay yi, ci faggu ci domu jàngoro vih/sidaa, ak karange áq ak yeleefu liggéeykat yi ame domu jàngoro ji. Siiwël nañu ci ndaje mii mbootaayu xeet yi amaloon ci domu jàngoro vih/sidaa ci réewum NEW YORK, ñaar fukki fan ak juróom ñaar ci weeru suin 2001. Donte jumtukaay bu jëkk la, tééré bi tàmbali na di dajale kepp ku mu yittél te di yëngu ci wàllu liggéey. Li ñu war gën soxal, mooy tasaare tééré bi ba ñepp jot ci ak itam jëfe ay digleem ak ay téreem ca na mu gën yelle. Ci biir BIT, kilifa gi gën mágg di JUAN SOMAVIA jël na ay doggal yu yees yuy jëme kanam pexe yi ñu jaglel liggéey kat yi ci xeex domu jàngoro vih/sidaa tukkee ci tééré bi, jëfe ko ci BIT yepp, ak kepp ku teewoon ci ndaje mii mbootaayu xeet yi amaloon ci NEW YORK ci domu jàngoro vih/sidaa ak yeneen kër yu àjju ci kuréelu mbootaayu xeet yi ñu dëppëlekook seen nekkin tek ci taxaw bu baax ngir ñu jëfe tééré bi ci bërëbu liggéeyu kaay yi.

*B - VIH/SIDA, ÀQ AK YELEEF VI  
GËN AM SOLO CI LIGGÉEV*

NO NGI JAPPALE BU BAAX A BAX SUNUY  
LEGGEYKATYI AM FEEBARU SIDAA



Febaru sidaa mu gi bëgg nasaqal, áq ak yeleeŋ yi gën am solo ci ñi séq liggéey. Nàkk bodikonte ci wàllu liggéey dana neewël ndóol ndaxte ku nekk mën a jot ci liggéey bi. Febaru sidaa dana gállankoor doxalin yi gën am solo ci **O.I.T**, ci wàllu yoon ñeel liggéey kat yi, ak itam liggéey bu sell te am solo, ci teeyuk bakken, ak dall ak ngor.

### **JEEXITALU FEBAR BI CI ÀQ AK YELEEF YI GËN AM SOLO CI LIGGÉEY ,**

- ❖ Febaru sida dana nasaqal áq ak yeleeŋ yi gën am solo ci liggéey ak bërëbu liggéeyu kaay yi. Bodikonte gu tukkee ci domu jàngoro vih/sidaa dana yokk wuute gi am ci domu aadama yi te sosoo ci awra ak askan. Febar bi dana sos tuuma, uññi sutura gállankoor jeego yi ñu def ci xeex febar bi ci bërëbu liggéeyu kaay yi ak biir askan wi.
- ❖ Bodikonte gi sosoo ci domu jàngoro vih/sidaa mën a ëmbaale nemmeeku domu jàngoro vih/sidaa ngir dàq liggéey kat bi, walla yokkute ndomb tánkam, uññi suturam walla bañ leen jàglel liggéey yi dëppook seen febar ak seen bërëbu liggéeyu kaay su mënul nàkk.
- ❖ Aq ak yeleeŋ yu dàq bodikonte mooy doxalin bi ñu gën jox gëdd ci **O.I.T**, mën nanu koo jëfe ngir àr áqi liggéeykat yi, seen ngor ak ñi àjju ci

ñoom ci xeex ñiy uññi suturas ñi ame domu jàngoro vih/sidaa.

## **TONTUL O.I.T**

- ❖ Ci gis gisu **O.I.T**, xeex ak domu jàngoro vih/sidaa ci ñi séq liggéey, war na tàmbali gannaaw bi ñu sukkàndikoo, ci áqi liggéey kat yi. Ci loolu dana yell ñu am sart bu tënk liggéeykat yi, seen doxalin, seen nekkin ci kèru liggéeyukaay yi ngir pactal bodikonte te aar leen. Aq yi ëpp solo, yu liggéeykat yi ame jàngoro vih/sidaa, raññee nañu ci:  
Sañ sañu liggéey, jàng, yokkute, aaru ak njabootam, Sañ sañu am bammeelu biir ci wàllu febar bi ak jekkalaat liggéeyam ci yoon, sañ sañ yooyu ñu jot a lim, ñu ngi tukkee ci doxalinu **O.I.T**, yi nga xam ne baamtu na ko ci kaddu yi mu fesël ci áq yi gën am solo ci liggéey ci yeneen doxalinu **O.I.T** jëm ci wàllu wérguyaram, karange liggéey kat yi ak doxalin yu yeween te jàppandal yu **B.I.T**.
- ❖ Sañ sañu nàkk bodikonte mooy li gën yittél **O.I.T**, ci wàllu jalgati áq ak yeleaf yi gën raññee ku ci mbiri domu jàngoro vih/sidaa , maṅkoo gi ëppël solo **O.I.T** te mu wax ci bodikonte mooy maṅkoo n°= 111 bodikonte, ci jël ay liggéey kat ak ci liggéey. Yeneen tééré yi ñu maṅkoo ci **O.I.T** te nu, mën koo jëfe ci wàllu bodikonte gu sosoo ci domu jàngoro

vih/sidaa ñooy tééré yii, tééré n °155 ci lañu dëqën lepp lu yittél wàllu wérguyaram ak karange liggéey kat yi; tééré n °159 ci la ñu dëqën lepp lu jëm ci dekkalaat liggéey, tééré **yii n °97, n °143, n °157** ñoo ëmb lepp lu jëm ci mbooloo yi gën neew karange ci domu jàngoro ji, niki waa kër doktoor yi, ak liggéey kat yi di mangaan.

- ❖ Tééré bi ñu manjoo ci weeru mai 2001 lepp li ñu ci ténk, mu ngi jëm ci jeexitalu domu jàngoro vih/sidaa ci liggéeykat yi nekk ci adduna. Tééré bii inndina ay doxalin yu jàppandal te yeween ñeel ngóornamaa yi, njaatike yi, liggéeykat yi ak seeni kuréel, ngir ténk li ñu nas ba kenn ku nekk ci wàll wa nga fèete nga mën xeex domu jàngoro vih/sidaa.
- ❖ Tééré bi mu ngi sukkàndiku ci doxalin yii: orma áq ak yeleefu liggéeykat yi, niki ñàkk bodikonte, nanju ne domu jàngoro vih/sidaa, mbir la mu jokkook liggéey, yemoo góor ak jigeen, waxtan ak sottantey xalaat ci njaatike yi, ak liggéey kat yi, am bammeelu biir tek ci taxawu ak dimali ñi ame domu jàngoro vih/sidaa.
- ❖ Tééré bi ñeel na kepp kuy liggéey kat ci fàn bu mu mën doon, ak ku mën nekk sa njaatike, moo xam góornamaa bi la, kuréel la , walla sa bopp, tééré bi taxaw na ci lepp luy jëmële

kanam liggéey bu sell, tudd na itam cêru góornamaa yi, liggéey kat yi, seeni njaatike, ak seeni kuréel ci xeex domu jàngoro vih/sidaa, ak woyafal jeexitalu febar bi ci liggéey kat yi.

- ❖ Booloo gu takku ci kuréel yi di jàppale askan wi ak seeni ndaw ngir jëmële kanam tééré bi ba mu nekk jumtuwaay buy aar áq ak yeleaf ak itam ngoru liggéeykat yi ame domu jàngoro vih/sidaa ak seen njaboot.

NANU DEF SUNU KEMTALAAYU KATTAN  
NGIR AAR ASKAN WI CI FEBARU SIDA





*C - KADDUG JUAN SOMAVIA,  
KILIFA GI GËN A KAWÉ CI BIRÓO  
BITY SÀMM AQ AK YELTEF CI  
LIGGÉY*

SA ma xol sedd na ci jàng tééré bi dëqën ay sart yi jàppandal tukkee ci **B.I.T** te yittél domu jàngoro vih/sidaa ak ñi séq liggéey ci teewayu ñetti kuréel yi ko sos, bepp domu aadama bu dugël loxoom ci xeex jàngoro vih/sidaa.

Febaru jàngoro vih/sidaa nekk na gállankoor gu lëmbe adduna, yax na dundu domu aadama yu bari ak seen njaboot ak itam seeni dëkkàndoo, bayyiwal kenn, moo xam xale walla mak. Ci réew yi mu gën bari, febar bi farna ; fukki ati fukki ati yokkute, febar bi mooy mbër mi gën réy te fas keenee gállankoor yokkute koom ak gu askan wi.

Gannaaw bi ñu xamee li febar bi di jur ci askan wi ak ci wàllu wérguyaram, domu jàngoro vih/sidaa jàpp na ñi séq liggéey ci fàn yu bari, dall na ci liggéey kat yi gën jàmbare ak liggéey bi, waññi seen ndampay, tek ci yokk li ñu daan jël ci nafa këru liggéey kaay yi ngir doxal liggéey bi, waññi dayo liggéey bi, yokk li ñu daan jëfàndikoo ngir liggéey tek ci nàkk ay liggéeykat yu xarala yu xam seen liggéey, febar bi, taxawaayam ci liggéey tiis na lool, mën a yax mën mën liggéey kat bi ak ay réew ci wàllu liggéey ak gox yi

liggéey, domu jàngoro vih/sidaa gállankoor na jubbluwaay yi gën am solo ci **B.I.T** ci am liggéey bu sell, bu am solo ñeel góor ak jigeen ci seen teeyuk bakken, seenuk yemoo, seen karange ak seen ngor. Lëkkëloo naak áq ak yelee yi gën raññeeku ci liggéey kat yi rawatina bodikonte liggéeykat yi; gannaaw ba dakkal liggéeyu xale yu ndaw yi nekkee coono ci domu aadama, jirim yi tukkee ci sidaa bëgg nañu weyël seen dund ak seeni rakk ak itam seen dund weyjur yu magget yi nga xame mën a tu ñu liggéey, xale yooyu mën nañoo sóobu ci liggéey yu ëmb musiba yu bari.

Nit ñu bari am nañu domu jàngoro vih /sidaa te amu ñu karange ci jàngoro vih /sidaa ak ci wàllu wérguyaram, ñi ëpp ci ñoom dañuy manjaan tek ci nekk ay neew ji doole yu ñuy bunduxataal ak fitnaal, ñi ko gën am ñoo gën ndool. Wuute yi ci góor ak jigeen ci wàllu aada, koom ak cosaan ñoo tax ba jigeen moo gën gaaw ci ame jàngoro ji, moo waral ñuy jéfàndikóo doxalin wu ëmb góor ak jigeen. Li ñu mën jàpp daal ci domu jàngoro vih/sidaa mooy day nasaqal bepp karange.

Tééré bi mooy firndey takkute BIT ci taxawal ay pexe yu mucc ayip ngir sos ay doxalin yuy jëmale kanam liggéey bu sell ci jafe jafe jamono ji ak wàllu koom.

Ci turu **JUAN SOMAVIA, B.I.T** fas keene naa yokk bu baax pas pasam ci biir ak ci bitim réew,

ngir sàmm áq ak yeleaf ak itam ngoru liggéeykat yi ak kepp ku am domu jàngoro sidaa. Tééré bi, bërëbu liggéeyu yi lañu ci jubblu, ndaxte li ëpp ci ñi ame domu jàngoro ji ak ñi febar ay liggéeykat lañu, tééré bi mu ngi soqeekee ci lëkkëlool gi dox diggante **B.I.T** ak ay kuréelëm ak yeneeni mbootaay ci bitim réew, ñu raññee ci kuréel yiy sàmm áq ak yeleaf ci wàllu sida ( **ONUSIDA**). Tééré bi war na nekk jomtukaay buy dakkal lawtanuk febar bi te woyafal jeexitalu ci liggéeykat yi ak seen njaboot, taxawal karange askan wi ngir jaamaarlook febar bi. Tééré bi taxawal na ay doxalin ak yooni pexe yu jàppandal ñeel kuréel yiy doxal réew yi, kuréelu njaatike yi ak liggéeykat yi ak itam ñiy lëkkëlook këru liggéeyukaay yi, tééré bi mu ngi sukkàndiku ci cër bi ñu jaglel áq ak yeleafu liggéey te ëmb fàn yii:

- ❖ faggu te njaarale ko ci yegle, xamle, jotaayu yeete ñeel góor ak jigeen ak itam sopi doxalin
- ❖ Karange áq ak yeleafu liggéeykat yi ak seen liggéey, yemoo góor ak jigeen, áq ak yeleaf ak yokkute askan wi ak itam nàkk bodikonte gu lalu ci li ñu jaglel ku ame domu jàngoro ji
- ❖ Taxawu wey febar yi, seen pac ak dimali leen, tek ci yeete ak joxe ndigël ci seenuk nemmeeku domu jàngoro vih/sidaa ci sa teeyuk bakken ànd ak wólute ak pactal su fekkeene këru doktor yi yellu ñu.

Tééré bi jomtukaay la buy wax ci gállankoori febar bi ak yi muy jur ëllëg ak sibir, ak jeexitalam ci ñi séq liggéey, nekk na jeego gu jëkk, li yell mooy ñu jëfe ko.

Maa ngi woo ñepp te di leen ñaan kenn ku nekk def ko muy sa tééré, mën nañu di ko dëppële ak diwaan yi, ngir pactal mi yaatu ci fàn yu bari. Ànd booloo ñiy .lëkkëlook **B.I.T** ñeel askan wi, mu ngi ajju ci jëfe tééré bi.

**GENEVE JUIN 2001**

**JUAN SOMAVIA**

DIRECTEUR BU MAG BI

TAXAWAL NA NU AY NAS YU JEM CI DIMBALI

KEPP KU AM FEEBARU SIDA



## **D - JEEXITALU DOMU JÀNGORO VIH/SIDAA CI WÀLLU KOOM AKI GÀLLANKOORAM CI WÀLLU LIGGÉY AK ÑI SÉQ LIGGÉY**

Febaru sidaa def na lu réy ci liggéeykat yi, seeni njaboot , bërëbu liggéeyukaay yi ak ci koom koomu réew yi. Def na boppam gállankoor gu tar ci ñi séq liggéey tek ci bakk yokkute. **O.I.T** am na cër bu ñu raññee bu mu war dox ngir digle ñu faggu ci lawuk febar bi ak neewël yi ci soqEEKOO ñeel liggéey bi ak ñi mu séqël liggéey . Li ëpp ci ñi nàkk seen bakken ci sidaa ay mukkalaf lañu tollu ci seen digg doole ci wàllu liggéey ak wàllu séy, mu jur ay musiba yu bari ci wàllu koom. Xayma limu ñi ame domu jàngoro vih/sidaa ci adduna ci atum 2000 tollu na ci 36.1 million domu aadamaa ñuy dundak domu jàngoro vih biy joxe febaru sidaa. **O.I.T** xayma na lu mu neew 23 million liggéeykat ci biir askan wii di yëngu te seeni at tollu ci 15 à 49 ans ñoo ame domu jàngorovih, ñu toolu ci ñeenti mukkalaf yoo jël ñett yi ame nañu domu jàngoro vih.

### **JEEXITALU FEBAR BI CI LIGGÉYKAT AK CI LIGGÉY BI**

- ❖ Domu njàngoro vih /sidaa nekk na gállankoor gu réy ci li ñu jubblu ak farluk liggéey kat yi. Nàkk ay liggéeykat ndax febar yi laxasu ci sidaa, walla gállnkoor yi tukkee ci pacjum wey febar yi, mën a waññi li ñu mën jële ci liggéey

bi, ak li ñu ci mën am ci wàllu xalis ak itam ci wàllu xarala.

- ❖ Yenn anamu liggéey yi, dana sabab ame domu njàngoro ji , ñu gën cee raññee, liggéey kat bu dëkk fu sori kërëm ci diir bu yagg, walla góori neen bokk dëkkuwaay. Ci yenn dëkk yi ñeel na ñiy liggéey ci wàllu dem ak dikk, ci mbell ak itam karange réew. Am na itam ay gállankoor yu xeetook liggéey bi ñeel yenn fàn yi , ñu gën ci raññee kër doktoor.
- ❖ Domu njàngoro vih/sidaa inndina ay soppeeku ci limu góor ñi ak jigeen ñi, xale yi ak mag ñi yëngu, am na itam yokkute limu jatur yi, jirim yi ak mag ñu nar jakkaalook nàkk karange ci wàllu koom, loolu mën na teel duggël xale yu ndaw yi ci liggéey, mu jural leen , ñu di leen jëfàndikóo ci anam yu jeggi dayo. Febar bi tax na ba magget yi amul xalis delluwaat ci liggéey.

## **WAÑÑEEKU AM AMU BOROOM KËR AK GU NJABOOTAM**

- ❖ Ci biir séy, su kenn febaree dana tekki nàkk liggéey, ñàkk xalis ñeel ki febar. Yokkute xalis bi ñu yittéwóo ci pac mi, ak waññeeke ñenn ci njabooti liggéeykat yi walla ci daara yi ngir jàppale ajji febar ji. Gennuk adduna, mooy nàkk gi law ba faw, li ci gën bari, xale yi ca lañuy jaare ñu genne leen daara ji ngir Waññi li ñuy dundale njaboot gi te yokk liggéey bi ak

am amu njaboot gi. Jigeen ñi ñoo gën yekk jeexitalu febar bi ndax seen nàkk karange ci wàllu koom tukkee ci seenuk wuute ak góor ci wàllu aada tek ci jigeen moom lañu jaglel toppatoo cetuk kër.

## **YI MU JUR CI BÈRÈBU LIGGÉYUKAAY YI**

- ❖ Febaru sidaa, genne adduna, nàkk ñu mën seen liggéey ak itam ñu xarala jur na waññeeku li ñu mën noona jêle ci liggéey bi ak li ñuy am ci bërëbu liggéeyu kaay yi ak yokkute li ñuy duggël ci këru liggéeyukaay yi. Ci bërëbu liggéeyukaay yi nekk ci réew yi ëppële ci domu jàngoro ji, tèmèer boo jël ci liggéeykat yi, ña ca daan ñàkk teew yokku nañu ak nañu leen daan toxale ak itam lañu leen daan dampe ci tàmbali liggéey, ci seen waactaayu xam xam ak seen karange njaboot. Loolu waññi na bu baax yoxoy liggéeykat yi ci baaxuk li ñuy liggéey, mu jur waññeeku gëdd gi ñu joxoon liggéey bi. Ci bitim réew, inndi na xel ñaar ci kilifa yi fiy duggël seen xalis ngir jàppale këru liggéeyu kaay yi. Yokkute liggéey bi ak ñi ñàkk seen bakken ci febar bi, mën a jur ñàkk yaakaar ci liggéeykat yi ak li ñu waroon jêle ci këru liggéeyukaay yi. Li ñu yittéwóo ci xalis ngir wérguyaramu liggéeykat yi ak lii seeni njaatike di leen rënkël ngir seen gappuk liggéey, yokku nañu bu baax. Loolu jur na ay gállankoor ci karange wérguyaramu liggéeykat



yi ak seen njaboot ak itam kër gi ñuy faggoo seen gappuk liggéey.

- ❖ Fàn yëngu ci seen coobare yomb na lool ñu ame febar bi. Liggéeykat yi me febar bi te di yëngu ci seen coobare bopp, gaaw nañu ci yekk jeexitalu febar bi, ndax ñàkk këru fajukaay walla pexe karange ak seen njaboot, seeni yëngu yëngu mu ngi ajju ci seen liggéey; yenn saa yi rekk lañuy am karange ci wàllu xaaalis. Ñiy liggéey ci seen coobare bopp mën nañoo ñàkk ci lu yomb fi ñuy jële xaaalis suñu amee domu jàngoro vih/sidaa walla ñu war bayyi seen liggéey ngir toppatoo seen njaboot.
- ❖ Jeexitalu febar bi ci wàllu koom, domu jàngoro vih/sidaa dana nasaqal jeego yi ñu def ci wàllu koom, ci anam yu bari. Yokku njëgu li ñuy jëfàndikóo ngir pactal jàngoro ji ak karange njaboot gi. Waññeeke li ñu daan jële ci këru liggéeyukaay yi, am amu liggéeykat yi, dana ñu sabab waññeeke am amu réew, mu jur nàkk lenn ci li mu yittéwoo ngir sumb nas yi. Ñàkk matale googu, dana inndi ay tolof tolof ci wàllu koom. Lañu rënkkoon rës doli ci yokk jafe jafe yi, yeexal yokkute liggéeykat yi ci këru liggéeyukaay yi, ci góornamaa yi, tek yokk limu ñi di wuut liggéey bu amul cëslaay te neewuk ndampaay ci ñiy yëngu. Ci loolu febar bi dana jur waññeeke koom koom bi fi nekk, ngir sooxe li ñu yittéwoo ci suñuy aajo ak suñuy soxla..

Yeexuk yokkute koom koom, dana yokk ndool tek ci lawal bu gaaw febaru sidaa, waññi liñuy jëfàndikóo jëm ci njaboot gi, seen wérguyaram ak seen dund, neewël na karange ñi ame domu jàngoro vih/sidaa.

*TÉERÉ BU DĚQĚŃ*  
*DOXALIN YU JÀPPANDAL*  
*TE WÓOR TUKKEE CI B.I.T*  
*TE ÑEEL DOMU JÀNGORO*  
*VIH/SIDA AK ÑI SÉQ*  
*LIGGÉEV*

## *NJALBEEN*

Febaru domu jangoro vih/sidaa jël na dayo gällankoor gu wërngël adduna benn la ci gällankoor yi gën a rëy te fas keenee jaamaarlook yokkute koom ak jeego yi ñu def ci jëmale askan wi kanam ci réew yi domu jangoro ji gën a bari, febar bi far na ay fukki ati fukki ati yokkute ; tek ci yax koom koom bi, naqasal karange ji, jeŋŋal këru liggéeyu kaay yi.

Ci afrik, réew yi nekk sawu jant, febar bi jeexital gu ñaaw la def tek ci yee fit na. Gannaaw coono bi muy tek domu aadama ak njabootam, febar bi mu ngi gällankoor bu baax suturas askan wi ak koom koomu këru liggéeyu kaay yi. Domu jàngoro vih/sidaa nekk na leegi, musiba bu rëy ci ñi séq liggéey, waññi seen ndampay tek ci yokk li ñu daan jële ci nafa këru liggéeyu kaay yi ngir doxal liggéey bi; waññeeku dayo liggéey bi yokk na lañuy jëfàndikóo ngir liggéey tek ci ñàkk ay liggéey kat yu xarala yu xam seen liggéey. Gällankoor la ci áq ak yeleeftu liggéey rawatina ci bodikonte ñeel liggéeykat yi ak nit ñi ame domu jàngoro vih/sidaa walla ñi febar. Febar bi ak yi muy jur ; jigeen ñi ak xale yi ñoo ko gën a yekk ndax seen ñàkk karange. Febar bi dana yokk wuute yi am ci góor ak jigéen tek ci gën a jafeel liggéeyu xale yu ndaw yi.

Loolu moo tax **B.I.T** liggéey téereé bi dëqën ay sart yu jàppandal te yittél domu jàngoro vih/sidaa ak ñi séq liggéey. Teéré bi war na nekk jumtukaay buy gattandu lawuk febaru **SIDAA**, waññi jeexitalam ci

liggéeykat yi ak seeni njaboot ; taxawal itam seen karange ngir mën a jaamaarlook febar bi. Yegle sart yi ñu sukkàndiku ngir xeex febaru sida ci këru liggéeyukaay yi ak gëstu domu jàngoro vih/sidaa, waxtaan ak njaboot gi ; ñakk bodikonte yemale ci góor ak jigeen; faggu ak nemmeeku domu jàngoro ji; am bammeelu biir; taxawu ak ndimal ñeel domu aadama yi ame jàngoro ji.

Tééré bi liggéeyu **B.I.T** la ak ñeeti banxaasi kuréel yi muy lekkëlóol ak itam ñi muy jëflanteel ci bitim réew, inndil na borom dogal yi ak ñi leen di jappale ci këru liggéeyu kaay yi. Dana yell ñu jëfàndikóo teéré bi ngir sumb ay nas ak pexey faggu ak itam taxawu gu dëppook këru liggéeyukaay yi boole ci ay doxalin jemale ko ci ñiy yëngu ci seen coobare ci wàllu koom. Tééré bi bëgg nañu mu nekk yoxoy **B.I.T** yu am solo ci xeex domu jàngoro vih/sida ci adduna bi yepp.

Gëm nañu ne tééré bi dana dugël loxoom ci sos mbir yoo xam ne dana jur liggéey bu sell ci biir gállankoor gi lëmbe adduna ak yokkute. Xeex ak domu jàngoro ji, jàng nañu ci lu bari. Am na leen ci réew yu gattandu lawuk febar bi te neewël jeexitalam ci nit ñi ak askan wi. Ci yi ñuy jëfe, rañnee nañu ci takkute njiit yi, doxalin yi ci fàni liggéey yi, lëkkëlóo bi ak ñeen ci askan wi ak itam domu aadama yi ame domu jàngoro vih/sida ak njàng mi.

Cëslaayu tééré bi, baamtuna ponk yooyu, jëfe leen dama sukkàndiku ci mbooloom ñi ñuy lekkëlóol ci askan wi.

Tééré bi nga xam ne dafa dëgmël ëllëg di wax ci gállankoori tey ak musulba yi muy jur ëllëg ak sibir ak seen jeexital ci ñi séq liggéey. Ak tééré bi **O.I.T** jubblu na ci gën a yokk pas pasam ci biir ak ci bitim réew ngir aar áq ak yeleaf ak itam sagoy liggéeykat yi ak kepp ku ame domu jangoro **VIH/SIDA**

**GENEVE JUIN 2001**

**JUAN SOMAVIA**

DIRECTEUR BU MAG BI

## 1) JUBBLUWAAY YI

Tééré bi ñu ngi jubblu joxe ay ndiggël ñeel domu jàngoro vih/sidaa ci ñi séq liggéey, dëppëlekook am liggéey bu sell. Ndiggël yooyu ñu ngi ko jaglel yëngu yëngu yii :

- a) Faggu ci domu jàngoro ji vih/sidaa
- b) Saytu ak woyafal jeexitalam ci ni séq liggéey
- c) Taxawu ak dimali liggéeykay yi ame domu jàngoro vih/sidaa, walla ni febar
- d) Bayyi ñaññee ak bodikonte gu tukkee ci li ñu jaglel domu jàngoro vih ñi ko ame walla ñi ñu ko yaakaare.

## 2) NI ÑU KOY JĚFANDIKOO

Dana yell nu jěfandikoo tééré bi ngir jot jubbluwaay yi ñu jot a lim jaarale ko ci ponk yii :

- a) Jêl ay doggal yu jàppandal ci kěru liggéeyukaay yi, ci askan wi, ci ñi séq liggéey, ci fàn yepp ci biir ak ci bitim réew.
- b) Jiitël waxtaan, xeltu, disóo, ak bepp xeetu lëkkěloo ci diggante góornamaa yi, njaatike yi liggéeykat yi, seeni ndaw, ndawi kěr doktor yi di yëngu, ak ñi seen xam xam di macc ci domu jàngoro vih/sidaa ak kepp ku am solo ci mbir mi, boole ci kuréel yi ajuu ci góornamaa yi ak yi ci ajjuwul .
- c) Sumb ndiggël yi gannaaw ba ñu disóok ñi leen di jàppale ci askan wi, ci ponk yii

- Wàllu yoon, pexe yi ak yi ñu nisër ci ay yëngu yëngu ci réew mi
- Ci bërëb ak këru liggéeyukaay yi
- Ci pexe ak palañ yi ñuy sumb ci bërëbu liggéeyukaay yi

### **3) FI MU YELL AK WAXIN WI CI TÉÉRÉ BI**

#### **3 – 1 Fi mu yell**

Tééré bi yell na ci:

- a) Bepp njaatike ak liggéeykat boole ci ñiy wuut liggéey ci wàllu góornamaa, walla ci këru liggéeyukaay yi moom seen bopp.
- b) Bepp fàn liggéey bu ajuu ci góornamaa walla ci coobare bopp

#### **3 – 2 Waxinu tééré bi**

**Vih:**

Mooy domu jàngoro bu neew li koy xeex ci deretu domu aadama; nasaqal na karange domu aadama; dugël ko ci febaru sidaa.

**Nit ñi febar:**

Nooy domu aadama yi nga xam ne seenuk dund domu jàngoro vih/sidaa lëmbaaje na ko ndax jeexital gi mu am ci ñoom.



**Sidaa:**

Febar la bu sosoo ci gaañu gaañu yu bari yu am ci yaram te pacjam xamaguñu ko.

**Bodikonte :**

Baat bii, deggin bi ci tééré bi am, mooy, bi ci tééré **manḵoo n°111** am ci wàllu bodikonte ci liggéey ak fàn liggéey, ci atum 1958, te ñu jaglel ko domu jàngoro vih. Boole ci bodikonte gu sukkàndiku ci li ñu jaglel domu jàngoro vih ñeel liggéeykat yi ak itam bodikonte gi sukkàndiku ci wàllu awra.

**Wey laago :**

Bepp domu aadama bu mébétëm nekk ci am , walla weyël liggéeyam ci jàmm ak itam yokkute, te mébét yi waññeeku bu yemm gannaaw bi mu ame laago ci ay cërem walla ci xelam ci ay firnde yu wóor, loolu moy degginu tééré bi ci wey laago, tukkee ci tééré bi ñu **manḵoo n°159** ci dëppële liggéey ak wey laago yi, ci atum 1983.

**Njaatike :**

Moy bepp domu aadama ; walla kuréel buy liggéey loo ay nit te am bataaxal bu tēnk li ngeen warloo ak aq ak yeleefu ku nekk, walla ci ay wax te mu dëppook sart yi ak ni ñuy liggéeye ci réew mi. **Ñii** mēn nañoo nekk njaatike :

Góornamaa, kuréel yu ajju ci góornamaa yi, kuréel yu ajjuwul ci góornamaa ak itam yeneen domu aadama.

Kuréelu kër doktoor gu peetèk liggéeykat yi : Mooy kuréel gu ñu jaglel faggu ak xelal njaatike yi, liggéeykat yi ak seeni ndaw ci kèru liggéeyukaay yi ci li ñu yittéwóo ngir saxal kèru liggéeyu kaay yi ak doxalinu liggéey bu mucc ayip, bu sell bu mën jur wérguyaram si cër yi ak xel yi ngir liggéey. Loolu moy deggin gi ñu si am tukkee ci tééré **maṅkoo n° 161** ci kuréelu kër doktoor, ñi pèteek liggéeykat yi dana ñu xelal njaatike yi, ngir ñu dëppële liggéey bi ak mën mën liggéeykat yi ñeel seen kattan ak seen xel.

**Saytu gu xel nangu :**

Mooy bepp saytu walla dëppële liggéey bi walla bërëbu liggéeyukaay yi gu xel nangu ak jëfeem te mën tax ku ame domu jàngoro vih walla febaru sidaa mën am liggéey, di yëngu walla am yokkute.

**Awra**

ak cëru góor ak jigeen ci saytu seen gox : Gannaaw wuute ci awra, am na ci diggante góor ak jigeen yeneen wuute ci wàllu aada. Baatu awra dafay delloo xel yi ci ni ñu suñu boroom binde. Baatu warugar bi leen wuutale mooy wareefi góor ak yu jigeen ci biir askan wi seen cër ak seen lëkkëloo. Warugaru góor ak jigeen ñu gi soqeekee ci seen nekkin danay am wuute yu bari ci aada ak moroomam walla ci biir aada ji. Yi ci gën fes mooy, at yi, askan, waaso, diine, wurum ci wàllu koom ak doxalin.

**Jàngoroy séy juy wàlle:**

Niki , sifilis, sànkàr, gonora, ak yeneen yu mel ni ñoom boole ci yeneen febar yuy walle ci wàllu séy.

**Ndàq:**

Ndàq mu joge ci njaatike te dëppook ni ñu ko tërële ci tééré, bi ñu **maṅkoo n°158** ci wàllu ndàq, ci atum 1982.

**Faggu gu ndarkep aada :**

Sart yu yomb yuy xeex jàngoro yi ngir waññi bu baax li di lawal domu jàngoro yi te jaare ci deret.

**Liggeey kat yi di yengu ci seen coobare :**

Tééré bi faram facce na leen ci bataaxal bu jëkk bi ñu toftale ci moom.

**Ndawi liggeeykat yi :**

Niki tééré **maṅkoo n°135** inndee ci ndawi liggeey kat yi, 1971 noonu la sart yi naṅgu walla jef ju mel nii :

a)Ndaw yi sàmm áq ak yeleafu kuréelu liggeey kat yi, niki ndawi kuréelu liggeey kat yi, walla liggeey kat yi nu tann.

b) Walla ndaw yi nu tann, te tanneef ga tukkee ci teeyuk bakkenu liggéeykat, yi nekk ci këru liggéeyukaay yi, mu dëppook yooni réew mi walla tééré yi ñu maṅkoo te doxalin yi yeggul ci fàn yëngu yëngu yi ñu naṅgu ci réew yi mu yittél , niki loo xam ne kuréelu liggéeykat yi rekk lañu ko jaglel.

**Yombël :**

Ñu ngi ci jubblu ñàkk doole ci wàllu askan ak koom, ci wàllu aada walla nekkinu liggéey, mu nekk luy yombël febar bi ci liggéeykat bi ak yi nga xam ne dana xirtal xale yu ndaw yi ci liggéey (boo ci béggee xam lu gën bari yërel bataaxal bu jëkk bi ñu toftale ci tééré bi).

**4. DOXALIN YU AM SOLO****4 – 1 And te nangu ne febaru SIDA, soxal na bu baax ker liggéeyu kaay yi**

Domu jàngoro vih/sidaa gállankoor la gu jokkook bërëbu liggéeyukaay yi, ñu war ko jàpp niki yeneen febar yi, walla musiba bu am ci bërëbu liggéeyukaay yi. Loolu lu am na ci solo, ndaxte domu jàngoro vih/sidaa jàpp na liggéeykat yi ak bërëbu liggéeyukaay yi, mu nekk ci biir askan wi warugar ci xeex lawuk domu jàngoro ji ak jeexitalam.

**4 – 2 Ñàkk Bodikonte**

Ci xelum liggéey bu sell ak ténku ci áq ak yeleeфу domu aadama ak ngoram, domu aadama yi ame domu jàngoro vih/sidaa walla febaru sidaa, liggéeykat yi warul ci ñoom bodikonte gu lal ci li ñu jaglel domu jàngoro vih moo xam am na walla ñu njoort ko. Bodikonte ak ñaññ nit ñi ame domu jàngoro vih/sidaa.

#### **4 – 3 Yemoo Góor Ak Jigeen**

Musiba yi domu jàngoro vih/sidaa jur ci góor ak jigeen war nañu koo nanngu. Suñu ténkoo ci wàllu awra, ak gis gisu aada ak itam wàllu koom, jigeen ñi la febar bi gën yomb dal, noo gën sonn ci domu jàngoro vih/sidaa. Bodikonte gi lalu ci wàllu awra ni mu tollu ci askan wi noonu la askan wi ñàkk yekëti cëru jigeen, noonu itam la febar bi di gën dal jigeen ñi, ci kaw loolu, dana yell ñu yokk yemoo ci lëkkëloo góor ak jigeen ak jëmale kanam nekkinu jigeen ñi, muy lu am solo ci faggu ci lawtanuk domu jàngoro vih/sidaa.

#### **4 – 4 Sellal Keru liggéeyu kaay yi**

Bërëbu liggéeyukaay war na sell te wóor ngir faggu lawtanuk domu jàngoro vih/sidaa, su mënee am ci ñi séq liggéey bi niki, li ñu **manjkoo ci tééré n° 155** ñeel karange ak wérguyaramu liggéeykat yi, ci atum 1981. Bërëbu liggéeyukaay bu sell, yell na ci wérug cër yi ak xel mi, dana tax ñu xam liggéeykat bu nekk lu yell ci moom, ndaxte bët du yenu waaye xam na lu bopp attan.

#### **4 – 5 Diso bu yaatu**

Lëkkëloo ak kóolute ci diggante njaatike yi, liggéeykat yi ak seeni ndaw, su mënul nàkk ak góornamaa bi ak itam liggéeykat yi ame domu jàngoro vih/sidaa, am na solo ci sumb bu àndak ndam, pexe yi ak nas yi ngir xeex domu jàngoro vih/sidaa.

#### **4 -6 Nemmeeku domu jàngoro ji te jublu ci daq ñiy wuut liggéey ak liggéey kat yi**

Jubblu ci dàq ñiy wuut liggéey ak ñi am liggéey. Nemmeeku domu jàngoro vih/sidaa warul nekk wareef ci kuy wuut liggéey walla ki am liggéey.

#### **4 – 7 Bammeelu Biir**

Dara warul firndel ñuy waral ci kuy sakku liggéey ak liggéeykat yi ay xibaar ci ñoom ñeel domu jàngoro vih/sidaa. Benn liggéeykat warul joxe xibaar yooyu moroomu liggéeykatam. Ku bëgg jot xibaar yi ñu jaglel domu jàngoro vih/sidaa , ñeel benn liggéeykat, war naa sukkàndiku ci sarti bammeelu biir niki doxalinu tééré **B.I.T** ci karange xibaar yi ñeel liggéey kat, ci atum 1997.

#### **4 – 8 Aar lekkeloo bi ci liggéey bi**

Ame domu jàngoro vih/sidaa warul nekk luñuy sukkàndiku ngir dàq liggéeykat ak itam yeneen febar yu niroom moom, mën nañu weyël seen liggéey saa yu ko seen wérguyaram mayee, mu nekk liggéey bu dëppook seen febar.

#### **4 – 9 Faggu**

Mën nañu faggu ci domu jàngoro vih/sidaa. Faggu ci bepp fàn bu jàngoro ji di lawe, mën nañu ko def ak juntuwaay yi ñuy jëfàndikóo ci pexe yii :  
**Ñu tërël ci réew mi ak ci wàllu aada.**

- Mën nañoo doolel faggu ci kaw sopi jiko yi, yokk xam xam bi ci pac mi te sos wurum bu amul bodikonte.

- Ñiy jàppale askan wi ci seen nekkin ak seen liggéey, seen taxawaay te mën a inndi ay jeego ci wàllu faggu rawatina ci sopi jiko yi ak melokaan yi, xamle, yeete ak yêngu ci mbiri askan wi ak wàllu koom.

#### **4 – 10 Taxawu ak Jàppale**

Dimalante, taxawu ak jàppale dana yell ñu sukkàndiku ci, ngir jël ay doggal ci domu jàngoro vih/sidaa ci diwaanu liggéey bi. Liggéeykat yepp ak ñi ame domu jàngoro vih, yoon jox na leen pac mu jàppandal. Ñoom ak seen njaboot kenn waruleen bodikonte ci pac ak karange ak itam li leen yoon jaglel ci seen wàllu liggéey.

#### **5 AQ, YELEEF AK CËR**

##### **5 – 1 Góornamaa ak kilifa yu am baat yi**

###### **a) Mengoo.**

Góornamaa yi war nañoo bayyi xel ci mengoo doxalin yi ak nas yi ñu am ci xeex domu jàngoro vih/sidaa, nangu amuk solo ñi séq liggéey bi ci nas yi, ci misaal bayyi xel ci ndaw yiy xelal réew mi ci xeex domu jàngoro vih/sidaa, bokk na ci ñoom, ndawi njaatike yi, ndawi liggéeykat yi, ñi ame domu jàngoro ji ak ministeer yi yittéwóo mbiri askn wi ak liggéeykat yi.

**b) Booloo ci fàñ yu bari:**

Kilifa yi nga xam ne seen mën mën macc na ci karange ak faggu, war na ci ñoom sos ak jàppale kuréel yi ngir ñu lëkkëloo. Niki kuréel yi di yëngu ci wàllu góornamaa yi, kuréel yi di yëngu ci seen wàllu bopp, kuréelu liggéeykat yi, ak yu njaatike yi, ak kuréel yi ajuwul ci góornamaa yi ngir ñi ëpp ci ñi séq liggéey bi mën ci duggël seeni yoxo.

**c) Jokkoo**

Góornamaa yi dana yell ci ñoom, yombal ak jokkale lepp lu ñu nas ci réew mi te mën yombal xeex febar bi ci ñi séq liggéey bi ak teewaayu askan wi ak kepp ku ci bëgg yëngu. Dana yell ci jokkoo bi cëslaayam di kuréel yi ñu sos lu jiiti xeex febar bi.

**d) Faggu ak yokkute ci wàllu wérguyaram**

Kilifa yi am baat war nañoo lëkkëlook ñiy jàppale askan wi ci seen dund ak seen liggéey, jaay jëfël liggéeykat yi ak nas jotaayu yeete ak faggu ci bërëbu liggéeyu yi.

**e) Doxalin ci wàllu pac mi.**

Ci réew yi nga xam ne njaatike yi ñooy taxawu liggéeykat yi, ci wàllu pac mi. Dana yell ci góornamaa yi ñu jël ay doxalin ngir jàppale leen ci wérguyaramu liggéeykat yi ak saytu domu jàngoro vih/sidaa, doxalin yooyu war nañoo bayyi xel yi fi nekk.

**f) Karange askan wi ci wàllu dund ak liggéey.**



Góornamaa yi war nañoo bayyi xel ba lii yoon nas ñeel wey febar yi, walla ñi ame domu jàngoro vih/sidaa ak yeneen febar yu doy war yi, ñu bañ ci féll dara. Ñu sos te taxawalay pexe yi ci karange dund domu aadama yi ak seen liggéey. Góornamaa yi war nañoo sukkàndiku ci lawuk febar bi ak dem dikk ngi muy def te miingele doxalin yi bu baax; ci misaal, ñu waajal am pac mu dëppook beg beg wey febar yi te taxawu leen bu baax.

**g) Gëstu.**

Ngir nas yi bañ di sa faanoo ci biir menn réew ci xeex domu jàngoro vih/sidaa, booloo domu aadama yiy jàppale askan wi ci seen nekkin ak seen liggéey, xayma lii febar bi jurël bërëbu liggéeyukaay yi ak ci doxalin yi ñu tërël ngir karange nekkuk askan wi ak seen liggéey ak itam ci wàllu koom ak yombal ni ñuy toftalee sart yi nga xam ne dana waññi jeexitalu febar bi ci nekkin ak ci liggéeyu askan wi ak wàllu koom, kilifa yi ci am baat ak doggal, war nañoo, dimali, amal ci ay gëstu te siiwël li ñu ci jële. Gëstu yooyu war na bayyi xel yokkute askan wi ak itam mengale limu ñi ame febar bi ak limu askan wi jeexitalu domu jàngoro vih/sidaa ak gëstu ci doxalin yi gën jàppandal. Góornamaa yi war nañoo yittéwóo taxawal sart yi ñu sukkàndiku ngir amal gëstu yi. Gëstu yooy, seen cëslaay dana yell ci góor ak jigeen, seen nekkin ak seen lëkkëloo ngir suqali seen koom; settantal gëstu ak xibaar yi ñu jële ci njaatike yi ak seen kuréel, ak itam kuréelu liggéeykat yi. Su mënee nekk, xibaar yooyu dana yell ñu siiwël

ko ci fàn bu nekk, ci wàllu awra, ci wàllu xeet, ci wàllu limu at yii ñi ame njàngoro ji am, wàllu liggéey, ak itam seeni cër ci seen wàllu liggéey. War nañu sukkàndiku itam ci wàllu cosaan ak aada. Su loolu mënee nekk, dana baax ñu sos ay pexe yu ñuy natte saa yu nekk febar bi.

**h) Am am ci wàllu xalis.**

Su loolu mënee nekk, góornamaa yi, gannaaw ba ñu waxtaaneeek ñiy taxawu askan wi ci seen nekkin ak seen liggéey ak ñenn ñi leen di jàppale war nañu xayma tolluwaayu xalis bi ñuy duggël ci domu jàngoro vih/sidaa tek ci jeem dajale koomu xalis yi nekk ci gox yi ak ci bitim réew ngir sumb doxalin yi ñu tërël ngir xeex domu jàngoro ji, boole ci su ci amee solo, seen doxalinu karange ci seen wàllu nekkin ak liggéey.

**i) Wàllu yoon.**

Nngir far bodikonte te faggu ci bërëbu liggéeyukaay yi te yokk karange ci nekkinu askan wi ak seen liggéey, góornamaa yi suñu waxtaaneeek ñi di jàppale askan wi ak ñi seen xel di macc ci domu jàngoro vih/sidaa, war nañoo waajal ni ñu war jëfe ci wàllu yoon, su loolu mënul nekk, ñu yeesal yenn ponk ci wàllu yoon yii tënk liggéey.

**j) Sart yi góornamaa yi tek.**

Su góornamaa bi faggoo ci wàllu koomu xalis ngir taxawal, walla xirtal ci wàllu koom ñeel këru liggéeyukaay yi ci réew mi walla ci bitim réew, dana

yell ñu warloo, dëppóok wàllu yoon ak tééré sart yiy joxe ndiggël ci ni ñu koy jëfe.

**k) Jëfe.**

Kilifa yi am sañ sañ ak baat war nañoo joxe xibaar yi ak doxalin yu xarala yi, njaatike yi, ak liggéey kat yi ngir ñu mën dëppóok yoon ca na mu gënne ci mbiri domu jàngoro vih/sida ci ñi séq liggéey. Dana yell ñu doolel kuréel yi ak yoon yu jàppandal yi ak itam kuréel yi di nemmeeku liggéey bi, këru ate kaay yi ak yeneen bërëbu ate kaay yi.

**l) Liggéeykat yi di yëngu ci seen coobare bopp.**

ngir yaatal faggute ci wàllu domu jàngoro vih/sidaa, goornamaa yi, su mënnee nekk dana yell ci ñoom dëppële ak yaatal nas yi, te faggu ci ay pexe yuy jur koom ak itam karange askan wi ci seen nekkin ak seen liggéey. Dana yell itam xalaat te ténk doxalin yu yees yu dëppóok liggéey ci sa coobare bopp, bu ñu ko yittéwóo, kuréel yi goornamaa yi samp ci gox yi, ñu duggël ci seeni yoxo.

**m) Wañni jeexitalu domu jàngoro vih/sida.**

Góornamaa yi war nañoo beral loxo pac mi ak ndimël, jaaraleko ci ay nas ci wàllu wérguyaram, karange askan wi ak yeneen doxalin yu sell. Góornamaa yi war nañoo góor góorlu ba askan wi mën jot ci pac mi, dana yell ñu lëkkëlook njaatike yi ak kuréelu Liggéey kat yi .

**n) Xale yu ndaw yi ak waxambaane yi ci seenuk nas, ngir far liggéeyu xale yu ndaw yi.**

Góornamaa yi war nañoo ñeewantel jeexitalu febar bi ci xale yu ndaw yi ak waxambaane yii seeni wey jur febar walla ñu genne adduna ci domu jàngoro vih/sidaa.

**o) Lëkkëloo ci diwaan bi ak ci bitim réew.**

Góornamaa yi war nañoo jeem, amal ak doolel lëkkëloo bi ci diwaan yi ak ci bitim réew, ci ay kuréel yu jokkale réew yi ak kepp ku am solo ci mbir mi ngir boole suñuy doole ci xeex domu jàngoro vih/sidaa, ak ci li yittél diwaanu liggéeyu kaay yi.

**p) Taxawuk bitim réew.**

Góornamaa yi war nañoo dajale taxawuk bitim réew ci jàppale seeni nas ci réew yi, war nañoo gën jàppale doxalin yi ci wàllu ndimal ci bes yi ñu jaglel domu jàngoro vih/sida te ñu jubblu ci waññi li ñu duggël ci garab yi ñuy jéfàndikóo ci wàllu jàngoro ji ak jot ci garab yi.

**q) Neew karange.**

Góornamaa yi war nañoo jël ay pexe ngir raññee mbooloo liggéeykat, yi nga xam ne dañoo gaaw ci ame jàngoro ji tek ci taxawal ay doxalin ngir waññi li tax ñu gaaw ci ame jàngoro ji. Góornamaa yi war nañoo feddali seen pas pas ngir sumb nas yu yell ci wàllu karange ñeel ñi gaaw ci ame febar bi.

## **5 – 2 Njaatike Yi Ak Seeni Kuréel**

### **a) Pexe ci bërëbu liggéeyukaay.**

Njaatike yi war nañoo waxtaan ak liggéeykat yi, ak seeni ndaw , ténk ay pexe te sumb leen ci bërëbu liggéeyukaay ngir faggu ci lawuk domu jàngoro vih/sidaa ci sàmm karange bepp liggéeykat ci bodikonte gu sosoo ci domu jàngoro vih/sidaa. Limu ponk yi ñuy nemmeekoo toftale gi ak sumb pexe yi, da geen ko fekk ci ñetteelu bataaxal bi ñu bootal tééré bi.

### **b)Yi ñu maŋkoo ci réew mi ñeel fàn bi ñuy yëngu ci seen coobare bopp te ñu xaatim ko ci bërëbu liggéeyu kaay yi.**

Njaatike yi war nañoo bayyi xel wàllu yoon ak doxalin yu jàppandal yi ngir sukkàndiku ci mbiri domu jàngoro vih/sidaa, ñuy disóo ci liggéey bi ak sarti liggéey bi ak liggéeykat yi, ak seeni ndaw tek ci waajal ci li ñu maŋkoo ci réew mi ci fàn bi ñuy yëngu ci coobare bopp te ñu xaatim ko ci bërëbu liggéeyukaay yi ak ay pexe ngir karange ak faggu ci domu jàngoro vih/sidaa.

### **c) Njàngaleek xamle.**

Njaatike yi ak seeni kuréel, seen waxtaan ak kuréelu liggéeykat yi ak seeni ndaw, war nañoo jàpp te taxawu nas yi ñuy amal ci bërëbu liggéeyukaay yi, te ñu jubblu ci siiwël, xelal, xamal liggéeykat yi ci faggu ak taxawu ci domu jàngoro vih/sidaa ak itam ci ndimal ak pexe ci këru liggéeykat yi jëmale ko ci

sidaa ak ay doxalin yu dàq bodikonte ci ñi ame domu jàngoro ji, walla ñu ame febar bi ak itam ay pac, ak ndampaay yu kèru liggéeykat yi di jaglel liggéeykat yooyu.

**d) Jeexital ci wàllu koom.**

Njaatike yi, liggéeykat yi ak seeni kuréel war nañoo boole seen liggéey ngir tènku ay doxalin yu yell ngir xayma jeexitalu febar bi ci wàllu koom, ci bërëbu liggéeyukaay yi ak ci seen fàni liggéey ak ni ñuy jaamaarlook febar bi.

**e) Pexey liggéeykat yi.**

Njaatike yi waru ñoo jëfe, walla bayyi ñuy jëfe ay doxalinu bodikonte jëme ci liggéeykat yi ame domu jàngoro vih/sidaa, walla ñi febar, tek ci, njaatike yi war nañoo bayyi di sukkàndiku ci nemmeeku domu jàngoro vih/sidaa, lu dul ci mbir mu mel ni ko juruum ñetteelu sarti tééré bi innde.

- Bayyi xel ci liggéey bi ba du am bodikonte walla ñaññee gu sosoo ci li ñu jaglel ñi ame domu jàngoro ji walla ñi ñu ko yaakaare.

- Ñaax domu aadama yi ame domu jàngoro vih/sidaa, walla febar bu tukkee ci domu jàngoro vih, di liggéey lu mu gën yagge te seen wérguyaram may leen ko.

- Ku ame febaru sidaa, su demee ba sonn ci febar bi, ba mënatul liggéey ak yeneen yi ñu ko jaglel rawatina diir bi ñu ko may ci noppalu, su jeexee te wérul, yoon maye na ñu dakkal liggéeyam te tènku ci

sart yoonu liggéey bu amul bodikonte, ak doxalinu sart yi waajal seen ndampay.

**f) Yoon yi ngay jaar ba laac say áq ak yelee ak yoon yi ñuy jaarale ku jalgati.**

Njaatike yi war nañoo waajal ay yoon yu liggéeykat yi mën jaar ak seeni ndaw suñu amee lu ñuy laac ci seen wàllu liggéey. Njaatike yi war nañoo jël ay yoon yu ñuy jaarale bepp liggéeykat bu jalgati ci wàllu bodikonte gu tukkee ci li ñu jaglel ñi ame domu jàngoro vih walla ñu yaakaar ne am nañu ko, walla luy gállankoor ëllëg ak sibir pexe yi ñu tërël ci wàllu domu jàngoro vih/sidaa ci bërëbu liggéeyu kaay yi.

**g) Bammeelu biir.**

Xibaar yi ci wàllu vih/sidaa te yittél ay liggéeykat, war nañoo nekk lu ñu dul siiwël te deñc ko ci tééré bi ñu jaglel bepp liggéeykat ci wàllu wérguyaram. Jot ci xibaar yooyu war na dëppook digle n°171, ci kër doktoor yi ñu jaglel liggéeykat yi ci atum 1965, ci wàllu yoon ak doxalin yu jàppandal yi ëmb réew mi. Ñiy yëngu ci wàllu kër doktoor rekk lañu ko jaglel. Xibaar yooyu kenn waru ko jël, lu dul ci bataaxal bu wér walla ci coobare aji febar ji.

**h) Wañni ak saytu musiba yi.**

Njaatike yi war nañoo fexe ba matal karange gi ci bërëbu liggéeyukaay yi te sellal ko, di jëfàndikóo matuwaay yi ñu digle ci adduna ak itam di toppatoo jumtuwaayu karange yi, ak yi ñu war jëkk jëfàndikóo ngir xettali wey febar yi. Ngir xirtal sopi doxalin,

njaatike yi war nañoo jox góor ak jigeen ay jumtuwaay ci seen karange, ci wàllu séy ak waa kër doktoor yi di nemmeeku domu jàngoro ji. Su fেকেene nemmeeku gi ak xalis bii ñu ciy duggël dafa bari bay gállankoor amug liggéeyu askan wi, njaatike yi ak seeni kuréel war nañoo saku ndimalu góornamaa yi ak yeneen kuréel yu mu yell.

**i) Bërëbu liggéeyukaay walla liggéeykat yoo xam ne bes bu nekk ñu ngi liggéey ci deret, walla maneen ndox muy joge ci nit.**

Ci bërëbu liggéeyu kaay yooyu, njaatike yi war nañoo jël yeneen matuwaay doli ci li ñu amoon ngir liggéeykat bu nekk xam nan lañuy faggoo ci adduna bi yepp ak itam xam yoon yi ñuy jaar su daay amee walla musiba ci bërëbu liggéeyu kaay yi. War nañoo am ay firnde yu dëggël fagguk liggéeykat yi ak jàppandaluk peXe yi ñu tërël ngir jaamaarlook mbir mi.

**j) Saytu gu yell.**

Njaatike yi ci seen disóok liggéeykat yi ak seeni kuréel, war nañoo jël ay sart ci wàllu saytu gu yell ñeel liggéeykat yi ame febaru sidaa. Loolu dana ci yell ñu ténkaat diir bi ñuy liggéey, mbooloo yi gën ci ñoom, ak waxtu yi ñuy noppalu, bes yi ñu leen di bayyi ñu dem faju, diir bi ñu leen jaglel ngir dakkal seen liggéey ngir noppalu, liggéey ci diir bu matul ak anam yi nga mën delluwaat ci sa liggéey.

**5 – 3 Liggéeykat Yeek seeni Kureel**



**a) Pexe yi ci bërëbu liggéeyukaay yi.**

Liggéeykat yi ak seeni ndaw, war nañoo amal ay waxtaan ak seeni njaatike ngir taxawal ci bërëbu liggéeyukaay yi ay pexe yu yell ngir faggu ci lawuk domu jàngoro vih/sidaa ak karange mbooleem liggéeykat yi ci jëfi bodikonte gu sosoo ci domu jàngoro vih/sidaa

**b) Maṅkoo yi ñu xaatim ci rewmi ci bërëbu liggéeyukaayi.**

Liggéeykat yi ak seeni kuréel war nañoo bayyi xel li di yoon ak li ñuy maṅkoo te di ko jëfe ngir sukkàndiku ci mbir yi ajuu ci wàllu vih/sidaa. Suñuy disóo ci ponk yi ak sart liggéey bi, war nañoo góor góorlu faggu ci li ñuy maṅkoo, fàni liggéey yi, walla xaatim yi ñuy amal ci bërëbu liggéeyukaay yi; ci kèru liggéeyukaay yi, ay pexe ngir karange ak faggu ci vih/sidaa.

**c) Yegle ak xamle.**

liggéeykat yi ak seeni kuréel, war nañu ci benn fàn, sakku ndimal ci kuréel yi di sàmm, áq ak yelee fu liggéeykat yi te nekk ci réew mi ak yeneen kuréel ngir jot xibaar yi ci domu jàngoro vih/sidaa ci bërëbu liggéeyukaay yi ak itam xibaar yi gën yees ci seen áq ak yelee ak li ñu mën am ci ndimal; ci beneen fàn ténk ay jumtuwaay ak ay yëngu yëngu ci wàllu xamle jaglel ko liggéeykat yi ak seeni njaboot.

**d) Jeexital ci wàllu koom.**

Liggéeykat yi ak seeni kuréel war nañoo boolo liggéey ak njaatike yi ngir tēnk ay sart ak xayma jeexitalu vih/sidaa ci wàllu koom ci bërëbu liggéeyukaay yi, ci fàni yēngu yēngu ak jamaarloo ca na mu gēnne ak jeexitalu febar bi.

**e) yēngu yēngu yeete.**

Liggéeykat yi ak seeni kuréel war nañoo liggéey ak seeni njaatike, seeni kuréel ak góornamaa bi ngir yeete ci wàllu faggu ci xeex domu jàngoro vih/sidaa.

**f) Pexey liggéeykat yi.**

Liggéeykat yi ak seeni ndaw, war nañu dimali ak xirtal njaatike yi ci taxawal ak sumb ay pexe ak ay doxalin yu jàppandal yu dul jur bodikonte ci Liggéeykat yi ame domu jàngoro vih, walla febaru sidaa.

**g) Seet ndax mengoo na.**

Ndawi liggéeykat yi am nañu sañ sañu yekkēti ay laac jēme ci seen wàllu liggéey gannaaw bi ñu jaaree ci yoon yi ñuy jaare ngir laac seeni áq ak yeleaf ak tēnku ci yar ak teggin. War nañoo dàq bodikonte gu sosoo ci domu jàngoro vih/sidaa, ci teewaayu kilifa yi di yēngu ci wàllu yoon.

**h) Xamle.**

Kuréelu Liggéeykat yi war nañoo tēnk tek ci di xamal seeni ndaw gállankoor yi febaru sidaa jur ci

bërëbu liggéeyukaay yi, ak pactal mi yell ci ñi ame domu jàngorovich/sidaa ak itam ni ñu koy faggo.

**i) Waññi ak saytu musiba yi.**

Liggéeykat yi ak seeni kuréel war nañoo sóobu te lëkkëlook njaatige yi ngir taxawal bërëbu liggéeyukaay bu wóor te sell. Gannaaw loolu, ci jëfàndikóo juntuwaay yu karange ak sellal. Liggéeykat yi ak seeni kuréel war nañoo xayma dayob ni febar bi di dale seeni naatango yu ñu séqal liggéey, su mënul nekk, ñu waajal ay nas yu ñu ko jaglel.

**j) Bammeelu biir.**

Liggéeykat yi am nañu sañ sañ xam li nekk ci tééré yi ñu dëqëñ seen wàllu wérguyaram ak seeni mbir ci wàllu liggéey. Kuréelu liggéey kat yi war nañoo jot ci tééré yi ñu dëqëñ wàllu wérguyaramu liggéeykat yi ame febaru domu jàngoro vih/sidaa, ci lepp lu mu mën doon, am bammeelu biir war na ci seen kuréel giy sàmm áq ci seen biir cëru liggéey ak seen taxawaay ci kuréel giy sàmm áq ak yeleeфу liggéeykat yi, ci sarti sutura ak si coobare ajji febar ji te ñu tuddoon ko ci tééré **manjkoo n° 171** si pac mi, si wàllu liggéey, ci atum 1985 moom lañu war jëfe.

**k) Liggéey kat yi di yëngu ci seen coobare bopp.**

Liggéeykat yi ak seeni kuréel war nañoo yaatal seeni yëngu yëngu ci seen biir, ci lëkkëlook kuréel yi ajjuwul ci góornamaa yi walla ci askan wi, te jàppale

doxalin yi ñu jaglel lawuk domu jàngoro vih/sidaa ak woyafal jeexitalam.

**l) Yombuk ame domu jàngoro vih/sidaa.**

Liggéeykat yi ak seeni kuréel war naño am lu wóor ci mbir yi di yokk amuk domu jàngoro ji, ci mbooloo liggéeykat yi, ndax bayyi nañu ci xel, ci disóo njaatige yi ak seeni ndaw.

**m) Dimali ci xeltu ak nemmeeku domu jàngoro vih si sa coobare ak ci sutura.**

Liggéeykat yi ak seeni kuréel war naño jokkoo di liggéey ak seeni njaatige ngir xirtal liggéeykat yi ci ñu dem xeltu ji ak itam nemmeeku domu jàngoro vih ci sutura.

**n) Lëkkëlook bitim réew.**

Kuréelu liggéeykat yi war naño gën doolel seen ndimalamte ci boole seen bopp ci fàn bu nekk, ci diwaan yi ak ci bitim réew ngir gën mën jege mbiri jàngoro vih/sidaa ci ñi séq liggéey ci jotaayu yegle ci wàllu áq ak yeleeftu liggéeykat yi.

**6. FAGGU CI YEGLE AK XAMLE.**

Nas yi ci wàllu yegle ak xamle ci bërëbu liggéeyukaay yi, lu am solo la ci xeex lawuk febar bi ngir yegël liggéeykat yi ame domu jàngoro vih wàlla febaru sidaa. Njàng mu wóor mën naa yokk mën mënu liggéeykat yi ci karange domu jàngoro vih. Mën a wañni bu yem njaxare ak bodikonte gu sosoo

ci domu jàngoro vih, waññi tolf tolof yi ci bërëbu liggéeyukaay yi, mu juddoo ci sopi nekkin ak doxalin. War nañoo tërël ay nas tukkee ci disóo yi am ci diggante góornamaa yi, njaatige yi, liggéeykat yi ak seeni ndaw ngir saxal sa fa mu gën kawé ak teewaay ca na mu gën baree ci ñi mu soxal. Yegle ak xamle war nañoo nekk ci anam yu bari te bañ ajju rekk ci nbind. Su mënee nekk, war nañu koo jagle te dëppêlekook limu at yi, ak itam wàllu awra, ak fàni liggéey ak nekkin yiy yombal amug jàngoro ji ak bërëbu cosaani liggéeykat yi. Ñu ñu wóolu te am cër ñoo war di ko xamle. Njàngale mu joge ci seeni naatangoo am na ci solo bu baax ak itam teewaayu ñi ame domu jàngor vih walla ñi ame febaru sidaa, ci xalaat ak ténkum nas yi.

## **6 – 1 Jotaayu yuy siiwel di Yeete**

### **a) Nas yi ci wàllu yegle.**

Su mënee nekk, nañu ko jökkëleek bes yi ñu jaglel xeex domu jàngor vih te amal ko ci gox yi, diwaan yi ak réew mi yepp. Nas yooyu war nañoo sukkàndiku ci xibaar yu wóor te yees ñeel lawuk domu jàngor vih/sidaa ci anam bi ñu ko mën faggoo ak texalikook kump gi mu ëmb ci wàllu pac mi ak jeexitalu febaru sidaa ci ñi ko ame ak ni ñu leen mën taxawoo, ci ndimal ak pac mi.

**b) Saa yu mënee nekk, nas yi, njàng mi ak bes yi ñu jaglel yegële, war nañoo leen boole ci pexe yi ak nas yi ñu am ci wàllu xamle ak nit ñu xarala ñi fi nekk, ak**

itam ci sarti karange ak yu wérguyaram ci liggéey ak ci xeex bodikonte.

## **6 – 2 Ay nas Ci wallu xamle**

**a)** Nas yi ci wàllu xamle war nañu koo tërël ci disóo njaatige yi, liggéeykat yi ak seeni ndaw. Su mënee nekk, góornamaa yi ak ñi ñuy lëkkëlóol te seen xam xam di macc ci wàllu xamle, nemmeeku ak faj ci wàllu vih/sidaa, nas yi, ni ñu ëmbe jumtuwaay yu am solo, noonu la ci nit ñi war duggële seeni yoxo.

**b)** Nas yi dana yell ñu sumb leen ci waxtu liggéey te faggu ci ay tééré yu ñuy sukkàndiku su ñu gennee bërëbu liggéeyukaay yi. Bokk ci ñiy sumb nas yi war na nekk wareef ci liggéey kat bu nekk.

**c)** Nas yi war nañoo, su mënee nekk te gën ci:

- Faggu ay yëngu yëngu yu ñuy jaglel ñienn ci askan wi ngir xayma dayo musiba yi leen di yoot, moo xam kenn kenn walla ñu bokk ci mbooloo te waññi musiba yooyu ñu jot a wax ci am ñu xarala ci bërëbu liggéeyukaay yi ñuy jële ay doggal ak fi ñuy weccente ay xalaat ak itam tërël ay nas ci wàllu faggu ak xelal.

- Wax bu baax ci jiko yi nga xam ne ñoo gën mën joxe domu jàngoro vih, ak yeneen yi mel ni mangaan ci wàllu liggéey dana yombël amuk febar bi ci yeneen mbooloo liggéeykat yi.

- Joxe ay xibaar ci lawuk domu njàngoro vih tukkee ci piñ sineebar ci sa yaram ak ci jumtukaay yiy waññi musiba yooyu.

- Yokk disóo ci diggante góornamaa yi, kuréelu njaatike yi, ak liggéeykat yi ci réew yi leen wër ak diwaan yi.
- Waajal jotaayu yeete ci wàllu domu jàngoro vih/sidaa, ci nas yi, ci wàllu jàngale liggéey gu jaare ci góornamaa yi ak kèru liggéeyukaay yi te lëkkëlook kuréelu liggéeykat yi.
- Waajal ay bes yu ñu jaglel liggéeykat yu ndaw yi ak jigeen ñi.
- Wax bu baax ci nii jigeen ñi di gaawe am domu jàngor vih, ak ci pexe faggu yi ñu tërël ngir gaawuk am domu jàngor vih ci jigeen ñi waññeeku.
- Wax leen bu baax ci xamal nit ñi niki domu jàngor vih du walle ci joñjoo yaram, te ñu xam ne amul njariñ di moytu ku am febar bi walla di ko ñaññ, li gën mooy dimali leen ak saytu seen bërëbu liggéeyukaay.
- Xamle jeexitaluk domu jàngor vih ci jëmi wey febar ji ak ni leen liggéeykat yi war di boole ci seen bopp te bañ leen di bodikonte, moo xam ñi ame domu jàngor vih Walla wey febar yi.
- May liggéeykat yi fu ñu waxe seen xalaat ak ni ñu gise ak itam ni ñuy yege domu jàngor vih.
- Jàngal liggéeykat yi rawatina liggéeykat yi nekk ci kër doktor yi, ñi ñuy sàmmoontek faggu gi ñu digle ci réew yepp ak taxawaayu nit ki su amee domu jàngor vih/sidaa.
- Waajal xamle ci faggu ak taxawu ci domu jàngor yi tukkee ci séy ak febaru sëxêt su bonn si, donte dafa jaxasook domu jàngor vih, waae ndaxte mën nañu

koo faj, loolu nekk luy suxali wérguyaramu liggéeykat yi.

-Waajal cet ak dund gu sell.

- Xirtal nit ñi ci jëfàndikióo lu lay aar ci jàngoroy séy ak njàngale ni ñuy jëfàndikióo ak ni ñuy faggoo, muy góor walla muy jigeen

- Jaay jëfël njàngale mii ñi ame domu jàngor ji di defal seeni naatango ak itam yëngu yëngu yeete yi ñuy ama.l

- Sàmmoontek pac mi, xayma ko, saytu ko, su mënee nekk yeasal ko.

### **6– 3 Ay nas Yu war Bayyee Xel Diggante Góor Ak Jigeen Ngir tollole niëpp**

a) Nas yepp war nañoo sukkàndiku ci, diggante góor ak jigeen, seen nekk, seen lëkkëloo ngir seen naatange, seeni waaso ak seeni jubbluwaay. Su mënee nekk, dana yell ci góor ñi rekk ak jigeen ñi rekk, texale googu dana tax ñu gën xam fan, ci ñan la domu jàngor vih gën gaaw.

b) Nas yi ñu jaglel jigeen ñi war leen leeral musiba yi ñu dëgmël ci wàlu jàngoro ji tek ci yegël xale yu jigeen ñi ne ñoo ci gën raññee ku.

c) Nas yi war nañoo dimali jigeen ñi ak góor ñi ngir ñu xam dayo cëru góor ñi ak yu jigeen ci wàllu liggéey ak ci ñoom ngir saafara wuute yooyu ak itam pactal fitna ji ci séy ak ci jaay doole.



d) Nas yi war nañu dimali jigeen ñi ñu xam seen áq ak yeleaf ci bërëbu liggéeyukaay yi ak ci biti ci aar seen bopp.

e) Nas yi ñu jaglel góor ñi war na waajal ay yëngu yëngu yeete te xayma musiba yi ñu dëgmël, pexe yi ñu tërël ngir xirtal góor ñi ci jël seen cër ci wàllu faggu ci domu jàngoro vih/sidaa.

f) Ay nas ci faggu gu ñu jaglel góorjigeen ñi di yëngu, jaar naa amal, gannaaw bu disóo amee ci diggante liggéeykat yi ak seeni ndaw.

#### **6 – 4 Jokkoo ak Nas Yi jëm Ci Wàllu Yokkute Wérguyaram**

Nas yi ci wàllu xamle dana yell ñu jokkale ko, su mënee nekk ak nas yi ci wàllu yokkute wérguyaram yi ñu jaglel ñi di jëfandikóo lu mën yax seen xel walla seen yaram. Ci bërëbu liggéeyukaay yi kuréelu këru liggéeyukaay yi, walla kuréel yiy sàmm wàllu pac mi ci bërëbu liggéeyukaay yi ak karange kuréel yooyu di yëngu, ñooy buntu bes yi ñu jaglel yeete ak nas yi ci wàllu xamle ñeel domu jàngoro vih/sidaa. Jokkoo gi war na tax ñu wax bu baax ci musiba yi ñu dëgmël, ci domu jàngoro ji te tukkee ci pikiir bu am domu jàngoro ji ñeel ñiy pikiiru ngir taggook seen xel. Dana yell ñu wax bu baax ci jëfandikóo ñoll moo gën mën joxe domu jàngoro vih.

#### **6 – 5 Sart Yuy Xirtal copite yu wër ci doxalin ak nekkin**

a) Liggéeykat yi war nañu jot ay xibaar yu am solo, yu wér te yees ci jumtukaay yiy waññi musibay am jàngoro ji, su mënee nekk ñu jox góor ak jigeen lu ñuy aaroo ci jamonoy séy.

b) Liggéeykat yi war nañu jot ci nemmeeku, ci pac mi ak ci taxawu gu teel te yell ci febar yi di soqeekee ci séy ak ci sëxët su bonn si. Su amee ay nas ci weccoo ay pikiir ak ay piŋg yu ñuy sellal, walla yegël leen bërëb yi mu am te ñu mën faa faju.

c) Ngir jigeen ñi am ay jafe jafe ci wàllu koom, nas ci wàllu xamle war na waajal ay pexe yuy yokk seen koom koom, su mënee nekk ñu waññil leen seeni li ñuy jële ci seeni nafa ak dimalileen ci wàllu ndampaay.

### **6 – 6 Ay nas Yu Jublu ci askanu goxgoxaan yi**

Njaatige yi, liggéeykat yi ak seeni ndaw, war nañu xirtal te waajal ay nasi yeete ak xamle ci faggute domu jàngoro vih/sidaa, ci gox yi rawatina ci bërëb yi xale yi di sakkoo xam xam. Sóobu ci nas yooyu war na nekk lu ñuy guŋge ba kenn ku nekk mën wax xalaatam ngir yokkute nekkinu liggéeykat yi ame domu jàngoro vih/sidaa te waññi beru ak ñaŋñee ci ñoom. Nas yi war nañu leen sumb gannaaw bi ñu àndeek kuréel yi ci yell te nekk ci réew mi ak gox yi.

## **7. SAKKU XAM XAM**

Sakku xam xam war nañu ko jaglel te dëppëlekook ñi ñu ci jubblu. Nit ñi nekk ci banxaas biy saytu liggéey bi, kilifa yi, liggéeykat yi seeni ndaw ak ñiy jàngal ñiy jàngale, jàngalekat yi nekk seeni nawle, nit ñiy sàmm karange ak wérguyaramu liggéeykat yi ak itam ñiy nemmeeku liggéey bi. Doxalin yu yees ngir mën matal li ñu soxla ci xalis.

Ci misaal këru liggéeyukaay yi mën nañu sakku ci góornamaa yi ay nas yu ñuy jël ci réew mi yepp ngir xeex domu jàngoro vih/sidaa, walla yeneen kuréel yu yell, ñu ñaan leen ñu joxe ay ndigël yu jàppandal ci ñoom, walla ñu jàngal leen xam xam. Jumtukaay yi ñuy jëfandikóo ci njàng mi dana wuute bu baax ci am am yi.

War na sukkàndiku ci aada ak nekkin gu wuute gi ci góor ñi ak jigeen ñi. Jàngale mi war na sukkàndiku ci njàng mu ñu jaglel ay fàn ak ay xibaar yu am te jàppandal, li ëpp ci ñi gën mën jàngale nu gi leen di fekk ci biir liggéeykat yi ak jàngalekat yi am domu jàngoro ji, loolu lañu digle ci fepp. Loolu war na boka ci nas yi ñu tërël ci at bu nekk ci bërëbu liggéeyukaay yi, ñu nekk nas yu ñuy tënk gannaaw disóo ak ndawi liggéeykat yi.

## **7 – 1 Dëgëral Xamxamu kélifa yi ak njiit yi ne ci bërëbu liqeykaayi**

Mboolooo yiy doxalin ak yiy saytu ligéey bi war nañu duggël seeni yoxo ci nas yi ñu am, yegle ak xamle te ñu jaglel ko bepp liggéeykat ak itam sakku xam xam ngir :

- Mën inndi ay tont ci laac yi ci pexe xam xam

- Këru liggéeykaay yi ñu tërël ci wàllu domu jàngoro vih/sidaa

- Xam lu bari ci wàllu vih/sidaa ngir waajal ndimal ci yeneen liggéeykat yi ak gis gis bu ñaaw bi ñu am ci lawuk domu jàngoro vih/sidaa ci bërëbu liggéeyukaay yi

- Leral ni ñu mën saytoo ci anam bu mucc ayip goo xam ne, su mēnee nekk dana ñu ko jaglel liggéeykat yi ame jàngoro vih walla ñi ame febar bi boole ci dimali leen ñu weyël seen liggéey ca na mu gën yagge. Gannaaw bi ñu leen raññee, xeex ak jiko yu naaw yi, doxalin yi, jef yiy xanne walla beddi liggéey kat yi ame domu jàngoro vih walla ñi febar.

- Waajal joxe ay digle ak pac ñeel wérguyaram ak liggéey yu nu def jème ko ci nekkinu askan wi ak seen liggéey.

## **7 – 2 Yook Xamxamu jangale kat yi nu fetaléel ndaw yiy door ci janggam mecie**

Ñiy jàngal seen naatangoo, war nañoo am xam xam bu nu raññee ngir :

- Xam bu baax li ci tééré yi ñu dëqñ pexe yi ci wàllu faggu ci domu jàngoro vih/sidaa ba mën waajal njàngale mi walla lenn ci nas yiy yegle ak xamle ñeel liggéeykat yi.

- Bayyi xel ci wàllu awra, waaso, wuute yi ci wàllu aada ngir tënk ak jàngale xam xam.

- Waajal jukkoo jàng mi ak pexe yi ñu tërël ci bërëbu liggéeyukaay yi ak itam pexe yi ci xeex bunduxataal ci wàllu séy walla pexe yi jaglel wey laago yi ci bërëbu liggéeyukaay yi.

- Jàppale yeneen liggéeykat yi ngir ñu rañnee mbir yi ñuy dund bes bu nekk te mën yokk amug li di joxe jàngoro ji.

- Mën xelal liggéeykat yi domu jàngoro vih walla ni ame febaru sidaa, ngir jàppale leen ci seen nekkin ak yi muy jur.

### **7 – 3 Xamal Ndawyi fi toogal Liggéeykat Yi**

Ndawi liggéeykat yi dana yell ci ñoom, ci seen waxtuy liggéey ak ci lu dul nàkk ndampaay, jot ci sakku xam xam ngir:

- Leral pexe yi ñu dëppële te tërël ko ci bërëbu liggéeyukaay yi ngir xeex domu jàngoro vih/sidaa ak tontu ci laac yi jëm ci ñoom.

- Taxawal ay jàngalekat yu yees ci biir yeneen liggéeykat yi.

- Rañnee ngir xeex bu baax jiko yi, doxalin yi walla jëf ji nit ñi di def ci bërëbu liggéeyukaay yi te di delloo gannaaw walla di beddi liggéeykat yi ame domu jàngoro vih/sidaa.

- Jàppale tek ci taxawu liggéeykat yi ame febar bu Lëkkëlook sidaa, su amee saytu gu xel mën nanngu te yell.

- Jàppale liggéeykat yi ci raññee ak waññi mbir yi gën mën tax nga ame domu jàngoro vih te ngeen nekk ak ñoom bes bu nekk.
- Xam bu wér domu jàngoro vih ngir yegël liggéeykat yi lawuk domu jàngoro vih.
- Fexe ba xibaar yi jot ci taxawu gi ñuy taxawu liggéeykat yi ame domu jàngoro vih walla ñi ame febaru sidaa mu am bammeelu biir.

#### **7 – 4 Sakku Xam Xam jemale ko ci Liggéeykati Kër Doktoor Yi Ak Ñiy Sàmm Karange**

Liggéeykatu kër doktoor yi ak ñiy sàmm karange war nañoo xam bu baax nas yi ci wàllu yegle ak xamle ñeel liggéeykat yepp, tek ci sakku xam xam ci mbir mi ngir:

- Am xam xam bu wér ci lii doxalin yi wund ci wàllu faggu ci domu jàngoro vih/sidaa ba mën dugël seeni yoxo ci nas yi, ak ci jàngal liggéeykat yi.
- Mën xayma bërëbu liggéeyukaay yi ak itam doxalin ya ca yell walla mbir yi ñu war dinndi, walla sopi ngir liggéeykat yi ame domu jàngoro vih.
- Nemmeeku ba xam ndax njaatige yi ñu ngi amal bërëbu liggéeyukaay bu sell te mucc ayip ñeel liggéeykat yi, jumptukaay yi ñuy jéfàndikióo ci tàmbalik febar bi.
- Bayyi xel xibaar yi tukkee ci domu jàngoro vih/sidaa, su amee, war na nekk lu kenn warul siiwël. Yeneen xibaar yi ci wàllu wérguyaramu liggéeykat yi kenn waru ko bind lu dul nga sartook tééré bi ñu

dëqëñ ay doxalin yu jàppandal tukkee ci **B.I.T** ñeel domu jàngoro vih

/sida ak ñi séq liggéey ci wàllu karange xibaar ci liggéeykat yi.

- Jàppale liggéeykat yi ñu rañnee te waññi yi tax ñu gaaw ci ame domu jàngoro vih te ñu nekk ak ñoom bes bu nekk.

- Mën wax ak liggéeykat yi ci seenum pac ci bërëbu liggéeyukaay yi walla ci biti te mën faj bu baax seeni soxla.

### **7 – 5 Sakku Xam Xam Ñeel Ñi Di Nemmeeku Liggéey Bi**

Kilifa yi ci am baat war nañoo bayyi xel ci ñiy càmbar liggéey bi ñu am ay juntuukaay yu doy ba mën doxal seen liggéeyu càmbar, tek ci ay daan ak xelal rawatina ci wàllu faggu ci domu jàngoro vih/sidaa ci bërëbu liggéeyukaay yi. Ci loolu war nañu sakku ci xam xam jëme ko ci doxalinu karange ak faggu ci domu jàngoro vih/sidaa, xam xam boobu war na ténku ci ponk yii.

- Xibaar ci sart yi ñu tërël ñeel réew yepp rawatina yi nekk ci tééré bi ñu **manjkoo n°111** te ñu jaglel ko bodikonte ci liggéey ak xam xamu liggéey, ci atum 1958 ak li ci yoon tërël .

- Tektal yi ci ni ñuy yegle xibaari liggéeykat yi ak mbooloo yi nekk ci këru liggéeyukaay yi ci mbiri vih/sidaa.

- Jokkale mbiri domu jàngoro vih/sidaa ci ndaje yi ñuy disóo ci liggéey bi te di ko amal saa yu nekk ci wàllu karange wérguyaramu liggéeykat yi.

- Ndimal ñeel liggéeykat yi war am taxawu, ci misaal ngir joxe xibaar ci bataaxal bu ñu tërël ay laac, ak ci yeneen áq ak yeleeft yu yoon nangu.

- Raññee jalgati yoon yi ñu jalglel liggéeykat yi ci wàllu domu jàngoro vih walla ñàkk sàmmoontee yoon.

Xam xam bu doy ci dajale xibaar yi ak pactal leen ñeel domu jàngoro vih/sidaa ci bërëbu liggéeyukaay yi ngir gëstu domu jàngoro vih ak jeexitalam ci nekkinu askan wi ak seen liggéey dëppëlekook doxalinu **B.I.T** ci téeréem bi mu dëqëñ ay doxalin yu jàppandal te wóor ci domu jàngoro vih/sidaa ak ñi séq liggéey.

### **7 – 6 Sakku Xam Xam Ñeel Liggéeykat Yi Di Yëngu Ci Mbirum Deret Walla Bepp Ndox Buy Joge Ci Domu Aadama**

Liggéeykat yepp war nañoo jot ci sakku xam xam ci yoon yi ñuy jaar ngir càmbaar domu jàngoro vih soo ko amee walla nga gaañu ci liggéey, ak pac mu jëkk. Nas yi ci wàllu sakku xam xam dana yell mu ténku ci ponk yii :

- Taxawu pac mu jëkk mi

- Jël matuwaay yi ñu digle ci adduna ba waññi li leen mën inndil musiba ci deret ji walla bepp ndox buy joge ci nit.

- Jëfàndikióo leen ay jomtukaayu karange

- Doxalin wu ñuy ténku boodee liggéey ci deret walla yenen ndox yi di joge ci nit

-Jot ci say áq ak teleef, su weesoo loolu, nas yi ci wàllu sakku xam xam war nañoo birël ne faggute lu



baax la ñeel ñi ame domu jàngoro vih walla ñi ñu ko yaakaare.

## **8 – NEMMEEKU DOMU JÀNGORO JI**

Nemmeeku domu jàngoro vih waru ñu ko def ci bërëbu liggéeyukaay yi, lu dul nii ko tééré bi diglée. Loolu amul njariñ te mënaa nasaqal áq ak yeleefu liggéeykat yi ak itam seen sago. Ci loolu xibaar yi ñu jële ci nemmeeku domu jàngoro vih mën nañu koo feeñal ba jëfàndikióo ko ci anam bu yellul, te liggéeykat bi du ci ànd saa su nekk walla sukkàndiku ci xam jeexitalu nemmeeku domu jàngoro vih, war na soqeeekoo ci coobare liggéeykat bi gannaaw ba mu leeree ci moom ci teeyuk bakken. Ñu seen xam xam di macc ci mbir mi ñoo ko war def ci sutura.

### **8 – 1 Aqqu liggéey ak Liggéeykat**

Sarti jêl ay liggéeykat walla toppu ay liggéeykat warul am benn lëkkëlook nemmeeku domu jàngoro vih. Nemmeeku wérguyaramu liggéeykat yi ñuy faral di def ak yi ñuy def te jubblu ci xam kattanu liggéeykat bi ba laa ñu koy jël muy liggéey walla yenn saa yi, waru ñu def nemmeeku googu wareef.

### **8 – 2 Karangé**

a) Nemmeeku domu jàngoro vih warul nekk lu ñuy sukkàndiku ngir boka ci ñi am karange ci wàllu

nekkin ak liggéey. Juntukaayu karange ak kër yiy yiir liggéeykat yi, ci seen liggéey ak seen febar.

b) Bes yi ñu jaglel yiir liggéeykat yi, du yell ñu warloo ci ñoom nemmeeku domu jàngoro vih ba laa ñuy nangu yiir bërëbu liggéeyukaay yi. Mën nañsukkàndiku ci xibaar yi ñu am ci febar bi ngir xayma xaalis bi ñuy dugël ci domu jàngoro vih.

c) Njaatike yi war nañoo yombël nemmeeku domu jàngoro vih ngir yiir liggéeykat yi ,tek ci xibaar yooyu war nañu koo deñc fu am sutura.

### **8 - 3 Bayyi Xel Lawuk Febar Bi**

May nañu liggéeykat yi ñu nemmeeku domu jàngoro vih ci seen bërëbu liggéeyukaay yi, ci sutura te du ñu ko mingale ak yeneen gëstu ci wàllu febar bi, su ñu leen defee ci anam yi ñu tërële gëstu gu xarala, ak itam sàmmoontek sa sarti liggéey, ci sàmmoonte ak aq ak yeleaf, kenn ku nekk ci sutura. Su gëstu yu mel noonu amee liggéeykat yi, dana yell ñu disook ñoom te yegël leen xibaar yi ñu jot, du yell ñu di leen jëfàndikióo te jubblu ci bodikonte jëme ci nit walla mbooloo.

### **8 – 4 Nemmeeku Doomu Jàngoro Vih Ci sa yaram**

Mën na am ay xew xew yoo xam ne liggéeykat yi dana ñu bëgg seen mbiri bopp ngir nemmeeku domu jàngoro vih ak itam ci nas yi ñu jaglel nemmeeku domu jàngoro vih ci coobare, ci loolu nemmeeku gi kuréelu wérguyaram yi ñu jaglel askan wi ñoo ko war def. Koon kenn du kodef ci bërëbu liggéeyukaay yi. Su amee, kuréel yu mën sàmm wérguyaram ci gox

yi, su boobaa ku bëgg, mën nga nemmeeku domu jàngoro vih ci yaw ci sa coobare gannaaw ba ñu la booleek ndawi liggéeykat yi, soo bëggee itam mën nañu la booleek ndawi liggéeykat yi mu xelal la. Ñu xereñ ñoo war di nemmeeku domu jàngoro vih te sàmmoonteeke sarti sutura ak jukkoo. Ci njalbeen nemmeeku domu jàngoro vih dana yell ñu ginndi liggéeykat yi te bayyi ci ay bëgg bëggëm moo xam goor la walla jigeen la ngir mu xam bu baax li ñu jubblu ci nemmeeku gi, li ci baax ak li ci bon ak itam jeexitalam ci xam ndax am nga walla amuloo domu jàngoro vih, war na nekk doxalin wu am solo wu ñuy jëfe.

### **8 – 5 Càmbar Ak Pactal Gannaaw Ba Nga Mënee Am Domu Jàngoro Ji Ci Sa Liggéey**

a) Su fekkeene mën nga am domu jàngoro vih ci deret ji ngay liggéeye, walla ci ndox yi di soqeekee ci cëri domu aadama walla ci yu mel ni ñoom, dana yell ñu tërël ay yoon ci bërëbu liggéeyukaay yi ngir saytu musiba yooyu ak bepp musiba bu nekk ci bërëbu liggéeyukaay yi.

b) Gannaaw ba liggéeykat yi dëgmëlee musiba bi tukkee ci juntuwaay yu ame domu jàngoro vih ci bërëbu liggéeyukaay, dana war ci saa sa ñu nemmeeku wérguyaramam ngir jakkaarlook domu jàngoro vih ci jeexitalu pac mi, njariñal nemmeeku domu jàngoro vih, pactal mi ci jalbeen mën nañu ko jaglel bërëbu fajukaay yi ñu raññee. Gannaaw ba ñu xaymaa dayob ni ñu domu jàngoro vih dëgmële, dana war ñu doli di xelal liggéeykat yi ci seeni áq ak

yeleef niki áq ak yeleef ci ndampaay ak yoon yi ñu koy jaare.

## **9. TAXAWU AK NDIMAL**

Jàppal ma jàpp. Taxawu ak ndimal moo yell ci bërëbu liggéeyukaay yi ngir jaamaarlook domu jàngoro vih/sidaa, war nañoo tërël ay pexe ngir xirtal nit ñi ci ubbeeku, nawloonte ak dimali liggéeykat yi siiwël seen febar ba kenn du leen bodikonte walla di leen ñaññ. Ngir waññi jeexitalu lawuk domu jàngoro vih/sidaa ci bërëbu liggéeyukaay yi, dana yell ñu góor góorlu ngir xeltu ak jot yeneen xeeti ndimal ci nekkinu askan wi ak seen liggéey, ak itam ci liggéeykat yi ame domu jàngoro vih/sidaa. Su fেকেene am na bërëbu fajukaay ci bërëbu liggéeyukaay , pac mu yell war na caa am. Su fেকেene loolu amul ci bërëbu liggéeyukaay yi, liggéeykat yi dana yell ci ñoom ñu wax leen bërëb bi ñuy fajoo. Bërëb yooyu, gannaaw pacjum liggéeykat yi, dana ñu mën faj seeni njaboot rawatina seeni doom, lëkkëlook góornamaa yi, njaatige yi, liggéeykat yi ak seeni kuréel ak itam ñeneen ñu baax ñi ñuy lëkkëlook, dana tax ñu mën am pac mu wér te yemale xaalis bi ñu ciy duggël.

### **9 – 1 Yemoo Ci Pacjum Domu Jàngoro Vih/Sida Ak Yeneen Febar Yu Doy War Yi**

a) góom bu soqeekee ci domu jàngoro vih ak jafe jafe yi ci pacjum sidaa, dana yell ñu saytu leen ci biir

këru liggéeykat yi niki noonu ak itam yeneen febar yu doy war yi.

b) Ci lii ajju ci liggéey yi, ndampaay li ak saytu gu yell ci bërëbu liggéeyukaay yi, liggéeykat yi am góom tukkee ci domu jàngoro vih , walla febaru sidaa waru ñu leen defal pac mu yées pac mi ñu jaglel febar yu doy war yi.

c) Liggéeykat yi, lu ñu mën am ci wér ba am liggéey bu mucc ayip, dana yell ci ñoom karange ci seen wàllu liggéey ak itam joge ci bërëbu liggéeyukaay dem ci bërëbu liggéeyukaay ak yokkute.

### **9 – 2 Xelal**

a) Njaatige yi war nañoo jaay jëfël liggéeykat yi ame domu jàngoro vih walla febaru sidaa, su ñu ko sakkoo ak ndimal ci sutura. Su mēnee nekk ci kër doktoor yi, walla nas yi ñu am ci wàllu wérguyaram ak karange ci liggéey bi, ci bërëbu liggéeyukaay yi walla ay kuréel yu seen xel di macc ci wàllu xelal fu dul ci këru liggéeyukaay yi.

b) Ci loolu, njaatige yi war nañoo nisër sart yii :

- Raññee ñi seen xel di macc ci domu jàngoro vih, mbooloo yi ciy inndi ndimal ak kuréel yi ciy jàppale askan wi ak diwaan yi ci xelal ci domu jàngoro vih/sidaa walla wey febar yi.

- Xelal liggéeykat yi ñu jokkook waa kër doktoor yi walla kepp ku ñu raññee ci pactal mi ngir seen nekk, su dul loolu muy ci wàllu pac walla su mënul

ñàkk ndimali liggéeykat bi ak ku toppatoo wérguyaramam.

c) Njaatige yi war nañoo jaglel ñi ame domu jàngoro vih walla febaru sidaa diir bu bari ngir yokk seen xel ci febar bi ak toppatoo seen pac niki sart yi mënul ñàkk te ñu jagleel ko wey febar yi ci réew yi.

d) Ndiggël yi ci wàllu dimali warul am ndampaay te war na dëppook bëgg bëgg yu wuute ci góor ñi ak jigeen ñi, dana yell ñu amal ay ndaje waxtaan ci diggante góornamaa yi, liggéeykat yi ak kuréel yi leen di jàppale ngir taxawal te inndi yooyu ndimal.

e) Ndawi liggéeykat yi war nañu su ko ci liggéeykat bi sakkoo ñu xelal ko ci domu jàngoro vih, ndawi liggéeykat yi dana yell ci ñoom ñu yobbu ko ci ku xelam di macc ci loolu.

f) Kuréel yiy xelal war nañoo yegël mbooleem liggéeykat yi ci seen yeleaf ak yi ñu leen jaglel ci wàllu karange askan wi ak seen liggéey ak itam li leen yoon may ci seen wàllu liggéey ak bepp nas bu mën dimali liggéeykat yi ci jaamaarlook domu jàngoro vih/sidaa.

g) Su la febar bi dalee ci sa wàllu liggéey, njaatige yi war nañoo jaglel liggéeykat bi ci lu mu dul ñàkk ndampaay, diir bu yag ngir mën dem wuuti ji ay ndiggël.

### **9 – 3 Kuréel Yiy Sàmm Wérguyaram Ci Bërëbu Liggéeyukaay Yi**

a) Yenn njaatige yi, mën nañoo dimali liggéeykat yi ci ñu jot ay garab ci wàllu domu jàngoro vih/sidaa. Su fekkeene kuréelu kër doktoor yi ñu ngi ci këru liggéeyukaay yi, war nanoo ci seen lëkkêlook góornamaa yi ak ñi leen di jàppale jooxe pac mi ca na mu baaxe ngir faggu ak saytu domu jàngoro vih/sidaa ak taxawu liggéeykat yi ame domu jàngoro vih/sidaa.

b) Kuréel yooyu war nañoo xam ni ñuy joxe garab yiy xeex febar bi ak pactal yi ngir waññi domu jàngoro vih/sidaa ak itam ay ndiggël ci wàllu dund ak li koy mottali.

### **9 – 4 Jokkoo ak Kuréel Yiy Dimalante ak Askan Wi ci goxgoxaan yi**

Su mënul am, njaatige yi, kuréelu liggéeykat yi ak mbootaay yi di sàmm wérguyaramu ñi séq liggéey, war nañoo yombal taxawal kuréelu dimalante ci këru liggéeyukaay yi, walla ñu jëmële liggéeykat yi ame domu jàngoro vih walla ñi ame febaru sida, ci mbootaay ak kuréel yiy dimali askan wi.

### **9 – 5 Wareéfu gornama yi ak yu njaatigé yi**

a) Góornamaa yi, seen lëkkêlook kuréel yiy jàppale askan wi, war na ñu ci sàmmoontek sart yi yoon tërël ci réew yi te jaglel ko ñi ame domu jàngoro vih, walla wey febar yi ci sidaa ; ak itam yeneen liggéeykat yi ame febar yu doy waar. War nañoo seet itam yaggaayu xeeti pac gannaaw bi ñu

sukkàndikoo ci dem dikk gi febaru vih/sidaa di def ak ni muy lawe.

b) Njaatige yi, kuréelu njaatige yi ak liggéeykat yi war nañoo góor góorlu ak góornamaa yi ba dêppële doxalinu liggéey yi fi nekk boole ci jàppale leen ci wàllu ndampaay yu weer su ñu ko yittéwóo ñoom liggéeykat yi ame domu jàngoro vih, walla ñi febar.

### **9– 6 Karange Ci Wàllu Nekkin Ak Liggéey**

a) Góornamaa yi, njaatige yi, kuréelu liggéeykat yi war nañoo jël ay doggal yu am solo ngir sàmmoontek karange liggéeykat yi ame domu jàngoro vih walla febaru sidaa ak seen njaboot ba kenn du leen dàq ci doxalin yi ñuy sàmme karange askan wi ci seen nekkin ak seen liggéey ak itam yi ñu jaglel liggéeykat yi di yëngu ci wàllu xarala, walla mbooloo yi di yëngu ci lu leen gaaw mën inndil domu jàngoro vih/sidaa ak seen njaboot.

b) Doxalin ak tërëlin yooyu war nañoo waajal liggéey yu menjóok liggéeykat yi ame domu jàngoro vih walla ñi ame febaru sidaa ak liggéeykat yi ame yeneen febar yu doy waar.

### **9– 7 Sàmmoontek Li Nit Ki Di Dund Te Suturaal Ci Boppam**

a) Góornamaa yi kër yi di yëngu ci faggu karange te moom seen bopp ak njaatike yi, war nañoo bayyi xel ba xibaar yi jëm ci xelal, walla pac, walla liggéey am bammeelu biir ak itam lepp lu jëm ci wérguyaramu liggéeykat yi ba ku bêgg jot ci xibaar yooyu dana sàmmoontek digle yi ci tééré mankoo **n°171** muy



wax ci kuréelu liggéeykat yiy sàmm wérguyaram ci liggéey ci atum 1985.

b) Ñeneen ñi rawatina ñi ñu yonni ak ñi di doxal tërëlin yi ci anam bi ñuy faggoo ci nekkin ak liggéeyu askan wi ak li ñu jaglel liggéeykat yu xarala yi war na b ayyi xel ci bammeelu biir bi ñu war am ci xibaar yi joge ci domu jàngoro vih/sidaa ak bepp xibaar ci wàllu wérguyaram te ñeel liggéeykat yi te dëppook itam tééré bi ñu dëqën ay doxalin yu wóor tukkee ci **B.I.T** te ñu jubblu ci karange xibaari liggéeykat yi.

### **9– 8 Nas ci Wàllu dimali ligeykatyi ak seen Njaboot**

a) Suñu xoolee ci dayo nit ñi ame domu jàngoro vih/sidaa, dana yell ñu nas ay ndimal jëmële ko ci ñi am payoor, walla ñu ful ndimal yooyu ngir inndi ay taxawu yu bari ci ñoom te dëppële kook seen nekkinu njaboot ba mu nekk ndimal ci njaboot gi. Loolu dana yell gannaaw ba ñu lëkkëlook góornamaa bi ak ñeneen ñi leen di jàppale te am solo, ñu bayyi waale xel ci seeni bëgg bëgg ak seen am am.

b) Nas yooyu war nañoo bayyi xel. Li ñu gën rañnee mooy jigeen ñi ñoo ëpp ci ñiy toppatoo wey febar yi. War nañoo bayyi xel bu baax ci bëg bëg jigeeni wérul yi. War nañu faj soxlay xale yu ndaw yi nga xam ne nàkk nanu kenn ci seeni wey jur ci febaru sida bi walla seen naari weyjur te nu mën see doxe bayyi daaray nasaraan, mbaa ñu liggéey loo leen ci

doole walla di gën yombal sa bopp ci wàllu sey gu dul ci teeyuk bakken. Xeeti nas yooyu war nanu koo amal ci këru liggéeyukaay yi. Këru liggéeyu kaay yooyu mën na ñoo inndi seen ndimal ci nas yooyu walla gene ko ci biti.

c) Nas yi ci wàllu dimali njaboot gi mën a waajal :

- Noppalu ab diir ngir mbiri njaboot ;
- Xibaar yi tukkee ci nas yi ci wàllu yegle ak jàngale ;
- Ginndi nit ñi mu soxal ngir jëme leen ci mbooloo yiy taxawu ak itam yiy dimali askan wi ;
- Dimali liggéeykat yi walla seeni njaboot ngir ñu am beneen liggéey ci kaw liggéey boobu du jaxase njàngum xale yi ;
- Ay sart, gannaaw njàngale ci wàllu xarala ak jeemëntu ngir pactal aajoy xaleyi ak waxambaane yi nga xam ne kenn walla naari wey jurëm genn nañu adduna ndax febaru sidaa ;
- Jokkook kepp kuy yëngu te am solo ci wàllu sidaa ak banxaas yi nekk ci gox yi ak itam ñi nekk ci daaray nasaraan yi, njabootu liggéeykat yi di jàng ;
- Ndimal ci wàllu xalis gu ñu tek ci yoxo wey febar ji walla ñu jaarale ko feneen ;
- Ay juntuukaay ngir jaamaarlook jafe jafe yi ci wàllu xalis te tukkee ci febaru liggéeykat yi ame domu jàngoro vih ak itam su mënee nekk ñi nga xam ne am nañu yenn bu diis ;
- Ay xibaar, gis gisu yoon ak taxawu;
- Ndimal ngir xam ci wàllu yoon yi ngay jaar ci wàllu febaru sidaa ak ku genne adduna ni ñuy

saytoo ay mbirëm ci wàllu xaaŋis tukkee ci febaru  
sidaa ak itam ndenkaane yi ak ndonno yi;

- Dimali njaboot gi ngir ñu wey di leen damp tukkee  
ci kër yi yiir liggéeykat yi ak li ñu leen jaglel ñoom ñi  
daan yëngu ci wàllu xarala;

- Joxe ca na mu gën gaawe ndampaay yi ñu amel  
liggéeykat yi;

- Ginndi njaboot gi ñu jëm ci kilifa yi yor wàllu yoon  
ak wérguyaram gu mat walla ay xibaar ci kilifa yi leen  
mën ginndi.